ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№163 (22.571) • 2013 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 24, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Ливанов Дмитрий Налшык щохьэщIэ

Налшык Правительствэм и Уиэм дыгъуасэ щекIуэкIащ егъэджакIуэхэм я республикэцэ илъэс зэIущIэр. А IэнатIэм зи гуащIэ хэзылъхьэ щIыху пажэхэм я1ущIэн мурадкIэ КъБР-м къэкIуащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Ливанов Дмитрий.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ**I Хъэсанэ Руслан**, КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэбий**, республикэм и куейхэм, кьалэ администрацэхэм я унафэщIхэр, иэгъэущIхэр. Ливанов Дмитрий и къэпсэлъэныгъэм кьыщытеувыIащ стандартыщIэхэр егъэджныгъэм кууэ кьыхьхьауэ щыщыт эмаными, абыхъм егъэджакIуэм и пащхьэ къраГъэув кьалэнхэм.

ЗэIущIэ нэужьым хьэщIэхэр щыIащ Нартан дэт етхуанэ интернатым, КъБКъУ-м физкультурэ-зэныщагъэр щрагъэфIакIуэ и комплексым. Университетым и бизнес-инкубаторым и лэжьакIуэхэм хьэщIэхэр щыгъуазэ ящIащ я щIэныгъэ къхэутэныгъэхэм. Абы и ужькIэ КъБКъУ-м и залышхуэм Ливановыр щахуэзащ университетым и егъэджакIуэхэм. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ екьэлIауэ абыхъм я упщIэ куэдым министрым жэуап яритащ икIи гуапэу екьэухьауад зыщIидзэ гъэ едэжэгъэущIэмкIэ.

ЩОДЖЭН Iэмипат.

Мэшыкъуэ 2013

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ягъэлъапIэ

Урысейм и ныпыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ягъэлъапIэ щIалэгъуалэ зэхьыхьэм и етIуанэ Iыхьэр щыщхьэIум и 22-м Мэшыкьуэ кьыщыгъэIуахащ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ яIущIэну, абыхъм я псалъэ зэхахну, чэнджэщкIэ зыщIагъэкъуэну а махуэм Мэшыкьуэм кьыхъеблэгъэ цIыху щIэрыIуэхэм ящыщщ «Урысейм и студент гупхэр» жьыларыгъэ зэгухьэныгъэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэщI **Киселев Михаил**. Ар ныбжьыщIэхэм ядэгъэушащ студент гупхэм я лэжьэкIэмкIэ, властыр, щIалэгъуалэр зэрыщIэным теухуауэ зэфIагъэкIыфымкIэ. «Фи гум, фи псэм фIэфI лэжьыгъэ фыпэрытмэ, IуэхуфIхэр кьызэхъуIэнщ икIи кьыфтехьэлъэныкьым. Абы фи гъащIэр щIэщыгъуэ ящынщ», - жиIащ Киселевым и псалъэхэм и кIэухьу.

(КIэухьр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Правительствэм

Къэрал программэхэм щыхоплъэ

КъБР-м и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан шыщхьэуIум и 22-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуипщым щIигъу щыIэпкърахащ.

АПХУЭДЭЩ сабий зеинщэхэр, адэ-анэ зыщхьэщыкыту кьэнахэр, 2013 - 2017 гъэхэм псэупIэкIэ кьыызрызэрагъэпэщынум, республикэм и къэрал власты и гъэзэщIакIуэ кьудамэхэм я IуэхущIафэхэмрэ абыхъм нэрылъагъуу кьарикIуэмрэ мы гъэм кьыызральытэнум, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ улахуэм щыхэгъэхъуэным, я щIыхуэхэр зытрагъэкIыжыным екьэлIа лэжьыгъэхэм, 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» къэрал программэхэм, нэгъуэщIкIэми ятеухуаэхэр.

Правительствэм и зи чэзу зэIущIэм щIидзэн и пэ кьыхуэу, Хьэсанэ Руслан кIэщIу кьыгъеувыIащ Къэжьыпэ Жыжьэм кьыззрымыкIуэ щытыкIэ кьыызрыщIыхьуам, псыдзэм и зэранкIэ щIыху минищIхэм я псэупIэхэр кьагъэнэн хуей зэрыхьуам, Урысей Федерацэм и адрей щIыпIэхэм абыхъм зэрызыщIагъакъуэм.

- Къэбэрдей-Балкьэр и Iэтащхьэм пщэрыльэ кьысщIащ а кьэхъуэкъащIэ щыкагъуэр зыльэIэсаехэм дазэрыдэIэпыкьуну щыкIэм дегупсысыну. Кьаноковэ Арсен и зы махуэ улахуэр кьыззIуаха счет щхьэхуэм хилъхьэнущ. А жэрдэмыр дэдвгъэIыгъи, предприятэхэр, организацэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр мы Iуэхум хэдвгъашэ, - кьыхигъэщащ Премьер-министрым.

(КIэухьр 2-нэ нап.).

Анэдэлъхубзэм льэпкъыр зэрегъэубыдыж

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м цIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин иджыблагъэ яIущIащ, Тыркум кьикIа адыгэ гупым и пашэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэр хъумэным, джыным, бзэр и льабжьэу льэпкъыр зэрыгъэуубыдыжным.

ИЛЬЭСИБЛ льандэрэ зэкIэлъыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхуакIуэ кьокIуэ адыгэхэр нэхъ зэрыIыгъыу щыпсэу кьэралхэм ящыщ ди лъэпкъэгъуэхэм я сабийхэр. А зэманым кьриубыдэу я адэжь щIыналъэр зрагъэIыхуащ Иорданием, Сирием, Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм. Мы Iуэхур нэхъыбэу кьыщIыдахар нэгъуэщI кьэралхэм кьикI сабийхэм анэдэлъхубзэр ирагъэжьын папщIэщ,

Иджыпсту республикэм щохьэщIэ Тыркум кьикIа адыгэ сабийхэр. Ахэр зрагъэщIыхун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием хыхьэ Мэздэгу районым, Ставрополь краим хыхьэ Серноводскэ районым щыщ адыгэ сабийхэри. А роим Налшык щызэхуашэсащ 2012 - 2015 гъэхэм нэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм дазэрыпыщIар егъэфIэкIуэным, зи хэкум кьэзыгъэззэжахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм кьыщта унафэм ипкъ иткIэ.

ЦIыкIуэхэм адыгэбзэр махуэ кьэс ирагъэдж. Ар сэбэп мэхъу дэнэ щIыпIи щыпсэу зэпъэпкъэгъу сабийхэр зэгурыIуэныгкIэ.

- Налшык зэрыщыIа зэманым кьриубыдэу ди сабийхэм куэд зрагъэщIащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм - Шэджэм псыкьелъэхэм, Гуэл ЩхьэантIэхэм, Iащхьэмахуэ лъапэ щыIащ. Я адэжь хэкум зэрызыщагъэпсэхуар абыхъм зэи ягу икIыжьыкъуэкъым. Сабийхэм я нэхъыбэм иджыпсту щыщIэдзауэ жаIэ илъэс кьакIуи республикэм зыщагъэпсэхуну зэрыщIэхъуэпсыр, - кьыхигъэщхьэхукIащ Тхьэкъуачъуэ Дамир.

КъБР-м щIыхуэр хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Жамболэт кьыхилъхьащ ди лъэпкъэгъу сабийхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщагъэпсэху программэм и Iыхьэ щхьэхуэхэр зэрахъуэкIыну. Псалъэм папщIэ, Налшык и санаторэхэм щыщегъэпсэхуным, бзэр егъэджным кьыдэкIуэу, ахэр унагъуэ щхьэхуэхэми щагъэхьэщIэмэ, езым я ныбжь итхэр зрагъэщIыхуэмэ, зэран хьуну кьыщIэкIынкъым. Ар бзэр зэгъэщIэныжмкIи кьадэIэпыкъунущ, иджырей адыгэ унагъуэхэм илъ хабзэмрэ псэуклIэмри нэрылъагъу ящищIынущ.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщаIэтащ Интернетым и Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, нэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу адыгэхэм я бынхэм анэдэлъхубзэр ирагъащIэ зэрыхъуну щыкIэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIкIэр сытым дежи дэIэпыкъуэгъу хъунущ Урысей Федерацэм и щIыбкIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм дазэрыпыщIам зегъэзубгъуныжкIэ, ар гъэбыдэныжмкIэ. Дэ псоми адыгэ щэнхабзэр ди зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэщ. Абы кьыхэкIыу зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым лъэпкъыр хъумэным и лъабжьэр бзэр арауэ зэрыщытыр, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин зэIущIэм и кIэухьым.

ПЩЫГЪУЭШ Асият,
КъБР-м Щыхуэр хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI.

● Гъуэгуэр

Псори тыншыжащ

Иджыблагъэ зэгъэпэщыжын яухащ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ «Старэ Шэрдэж - Жэмтхьэлэ» автомобиль гъуэгум щыщу Псыгуэнсу кьуажэм хилъхьэр.

МЕТР 1100-рэ кьыызэщIэзыубыдэ Iыхьэм щIэуэ асфальт трапъхьащ, гъуэгу напщIэхэр зыхуэят хуагъэзащ, гъуэгу дамыгъэхэр иратхъащ. «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум щегъэжьауэ Аруан районым щыщ Псыгуэнсу, Шэрэдж районым щыщхэу Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ кьуажэхэр, адэжь кьурш щыналъэхэм альпинистхэмрэ туристхэмрэ я зыгъэпсэхупIэу щыIэхэр зэпызыщIэ гъуэгур иджы нэрылъагъуу ефIэкIуащ. Абы ахъшэу трагъэкIуэда псори кьызыхахар республикэ бюджетырыщ.

СОКЪУР Риммэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ХъыбарыщIэхэр ● Щикъуэкащ адыгэр дунеижым

КЪЭБЭРДЕЙ

● Спорт ● Щэбэт къыдэкIыгъуэ ● Малъхъэдис

Фитопрепаратэр къыщIагъэкI

АДЫГЕЙ. *Республикэм къыщызэIуахащ хущхъуэ къызыхах, ерыскъыпхъэ къэкIыгъэхэм щелэжьыну, фитопрепаратэр къыщыщIагъэкIыну «Витаукт» ООО комплекс. А Iуэхугъуэм хэтащ Адыгейм и Iэтащхьэ Тхьэкъуашинэ Аслъэнджэрий.*

МЕЙКЪУАПЭ куейм и Абазэхэ станицэм щаухуа заводыщIэр кьыщызэIуахым кьрихьэлIащ «Витаукт» компаниемрэ унафэщI Гарбузов Алексей, район администрацэм и Iэтащхьэ Ковалев Евгений, республикэм и къэрал властым и органэхэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. А инвестпроектыр Адыгейм щыпхыгъэкIыным «Витаукт»-м илъэситI тригъэкIуэдащ. ЦIыху 50 щылажьэ, метр зэфIгъуэнатIэ мин 21-м щIигъу зыубыд заводыр ухуэным сом мелуан 230-рэ техIуэдащ.

ЩакIуэ лъэхъэнэм щIедзэ

АБХЪАЗ. *Республикэм щэкIуэгъуэ лъэхъэнэр кьыщызэIуахащ. Абхъазым Экологиемрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкIэ и къэрал комитетым зэригъэуцуамкIэ, ар 2013 гъэм щыщхьэуIум и 17-м щыщIэдзауэ 2014 гъэм гъатхэ-пэм и 31 пщIондэ екIуэкIынущ.*

ЩАКIУЭМ сыт хуэдэ кьуалэбзу лIэужьыгъуэми щыщу дапщэ кьыщыкIуну хуитми яГъуэ хабзэм кьыщагъэлъэгъуащ. Кьыхэдгъэщынщи, Тхылъ плъыжьым кьыщыхьа хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ кьуалэбзухэмрэ кьуаIыну хуит ящIыркъым. Абыхъм ящыщ кьыухэр, щыхьэр, жыгыIуIухэр, кавказ мэз дждухэр, нэгъуэщIхэри.

КьащынэмыщIауэ, яхъумэ щIыуэпс щIыналъэхэм: заповедникхэм, лъэпкъ паркхэм, зэщIамыкъуэжа мэкъумэщ щIыпIэхэм, Абхъазым и кьалэхэмрэ абыхъм я Iэтъуэблагъэхэмрэ щыщIэкIуэныр комитетым идэркъым.

Махуэ лэжьапщIэр хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм къулыкъущIэхэм я зы махуэ лэжьапщIэр КъуажЫпIэ Жыжьэм псыдзэм и лей зыщытехьахэм хуагъэхьынущ.*

КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Iуэхущ1апIэ эмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIкIэр псапащIэ Iуэхум кьыхьхьэну кьыхуриджащ. КьыщынэмыщIауэ, республикэм и властхэм жаIащ лей зытехьа щIыналъэхэм Iэмал имылэу зыхуэныкъуэмкIэ зыщIагъэхъуэну зэрыщыхьэзырыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сабийхэм яхуэгъэза гулъытэ

КъБР-м Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм кьыззригъэпэщауэ республикэм и лей псоми ящыщ унагъуэ нэхъ хуэмышIагъэм я сабийуэ 45-рэ нобэ Кисловодск кьалэм нэгъуэщIжьакIуэ яIущнущ.

АБЫ папщIэ министерствэм и унафэм щIэт Iуэхущ1апIэхэм кьыхатхыкIащ мы гъэмахуэм щхьэусыгъуэ гуэрхэм кьыхэкIыу лагерхэм е санаторэхэм зыщыщымыгъэпсэхуа цыкIухэр. Ахэр Кисловодск и парк цIэрыIуэм ирагъэпIынущ, дельфинариим яIэнущ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Дунеймщыхъыбархэр

ЩIыхуэхэр ирамыгъэтыжыну къыхуреджэ

Къэралым и мызакъуэу, дунеим и щIыпIэ куэдми я хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэр кIэлъопль ди КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыщыщIэ щытыкIэм. Амур псыр фокIадэм и 2-3-хэм сантиметр 830-м нэсу кьыщIэкIынущ Iэщ1ащхьэкIэхэм зэрыхуагъэфащэм щыхуэхэр егъэгуавэ.

Иджыпсту ирихьэлIэу псыдзэм а щIыналъэм и мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм хэщIыныгъэу сом меларди 10-м щIигъу къыхихьакIэщ. Апхуэдэу щытми, а щIыналъэм и кьулыкъущIэхэр псым нэхъ хуэхъэзыру кьыщIэкIащ, Краснодар щIыналъэм хыхьэ Крымскэ районым нэхьрэ, Нэгъабэ и бадзэуэгъуэм и 7-жэщым абы щыпсэухэм псыдзэ ящIэуэри, щIыхуи 171-рэ хэкIуэдауэ, мин 35-м я мылькум щыщ куэд яфIэкIуэдауэ щытащ.

АпхуэдэщытыкIэмыбы кьыщымыгъэхъуным, щIыхуэхэр псым щыхьэмэным теухуауэ кьэралми щIыпIэми я унафэщIхэм куэд зэфIагъэкI. «Роспотребнадзор» Iуэхущ1апIэм дыгъуасэ банкэм захуигъэзащ а щIыналъэм щыщу щIыхуэ зытетхъэм ар и чэзум япщыныжьыну ятримыкъуэзыну, уеблэмэ щхьэщахьпэнуи кьыхуриджащ.

Хэт футболым нэхъ дихьэхьэр?

Футболыр зыщIысыр зымыщIэ щIыхуэ куэд тету кьыщIэкIынщкъым дунейм. Абы и хабзэ псоми ущымыгъуэзэнкIэ, гуп, футболист щхьэхуэхэр умыщIыхункIэ, я хьыбар умыщIэнкIи мэхъу, ауэ а джэгукIэ хьэлэмэтым э нэхъ мыхъуми зи нэ хуэмыза, абы и хьыбар зэхэзымыха къэгъэзыгъуейщ.

АтIэ фщIэуэ пIэрэ: сыт хуэдэ къэралым и щIыхуэхэр а джэгукIэм нэхъ дихьэхьэр? Куэдым щэч кьыграмыкьэжжаIэнщ - Инджылызым, Германием, Испанием... КъызэрыщIэкIымкIэ, ахэр щоуэ. Исландие къэралыкIыу дыдэм, Фарер хьIыгуэм щыIэм, щыпсэуэнрэ нэхъ «футболыпсэхэр». Абыхъм я процент 10-р а ТолъжьыIыгъуэм мэджэгуэ джэгуэхэм кьадощI. Зэвгъапщэт: Кипрым щыпсэуэхэм я процентэ 4,3-рщ, Шотландием - 3,7-рщ, Инджылызым - 2,8-рщ а джэгукIэ лIэужьыгъуэр зыфIэгъэщIэгъуэныр.

Пэжу, процентхэр зэлъытар къэралхэм щIыхуэ щыпсэум я бжыгъэрщ. Фарер хьIыгуэм ихьэ щIыху мин 50 хуэдизщ икIи пщIым щыпу пIур футболым дихьэхьэ, процентри нэхъыбэнущ.

Мы махуэхэм

ЩIыщхьэуIум и 24, щэбэт

♦Ди эрэм и 79 гъэм Везувий вулканыр кьрихуащ. Абы зэтрикьутащ Помпей, Геркулануи кьалэхэр.

♦1830 гъэм дунейм екьжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.

♦**Украинэм и лъэпкъ махуэшхуэщ** - къэрал щхьэхуэ щыхьэ махуэщ.

♦1943 гъэм Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛIыхьжь цIэр кьыфIащащ.

♦Адыгей усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **КъумпIыл Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦Финляндие Республикэм и президент **Нинистё Саули Вийняме** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхьэнущ.

ЩIыщхьэуIум и 25, *тхьэмахуэ*

♦**Шахтерым и махуэщ**

♦1530 гъэм кьалъхуащ Рюриковичхэ ящыщ ящэ урыс пащтыхь, адыгэ малъхъэ Иван IV Грозный.

♦ Нейрохирург, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор **Семэн Жанно** кьыщалъхуа махуэщ.

♦ Публицист, «КъэбэрдейБалъкъэр» ЕТРК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх кьыщецхьынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхьэнущ.

ЩIыщхьэуIум и 26, *блыщхьэ*

♦1908 гъэм Тыркум ящэ Адыгэ Хасэр кьыщыгъэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм РАН-м и прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтыр кьызэIуахащ.

♦Осетие Ипщэ Республикэр къэрал щхьэхуэу кьызэрилытэм теухуа указым 2008 гъэм Iэ щIидзащ УФ-м и Президентым.

♦СССР-мрэ Мысыр Хьэрыпэ Республикэмрэ дипломатие зэхущытыкIэхэм я хабзэхэм зэрытехьэрэ илъэс 70 ирокIу.

♦Сочэ и курыт школхэм гъэджэгъуэщIэм щыщIадзэж. Ар ипэкIэ кьыщIагъэIэпхьуар XXII ЩIымахуэ Олимп Дзэгухэр а кьалэм зэрыщекIуэкIынурщ. А кьалэм и еджакIуэ цIыкIуухэм а тхьэмахуэр «хуащIыныжьынущ» - дызыхуэкIуэ я щIымахуэ зыгъэпсэхугъэхэр нэхъ кIыхь хьунущ.

♦Америкэр зэрыщIэр 1492 гъэм къзыхута **Колумб Христофор** кьызэралъхуэр илъэс 562-рэ ирокIу.

♦«Тетраграф» ООО-м и унафэщI, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтыр зрата **Шакъ Эльберд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхьэнущ.

Зыльэхьэмыр **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариэт.**

Лъэпкъ IуащIэ:

Нэм екIур гуми йокIу.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэрал программэхэм щыхоплъэ

КъБР-м и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан шыщхьэуIум и 22-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуипщым щIигъу щыIэпкърахащ.

АПХУЭДЭЩ сабий зеинщэхэр, адэ-анэ зыщхьэщыкыту кьэнахэр, 2013 - 2017 гъэхэм псэупIэкIэ кьыызрызэрагъэпэщынум, республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ кьудамэхэм я Iуэхущ1афэхэмрэ абыхъм нэрылъагъуу кьарикIуэмрэ мы гъэм кьыызральытэнум, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ улахуэм щыхэгъэхъуэным, я щIыхуэхэр зытрагъэкIыжыным екьэлIа лэжьыгъэхэм, 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» къэрал программэхэм, нэгъуэщIкIэми ятеухуаэхэр.

Правительствэм и зи чэзу зэIущIэм щIидзэн и пэ кьыхуэу, Хьэсанэ Руслан кIэщIу кьыгъеувыIащ Къэжьыпэ Жыжьэм кьыызрымыкIуэ щытыкIэ кьыызрыщIыхьуам, псыдзэм и зэранкIэ щIыху минищIхэм я псэупIэхэр кьагъэнэн хуей зэрыхьуам, Урысей Федерацэм и адрей щIыпIэхэм абыхъм зэрызыщIагъакъуэм.

- Къэбэрдей-Балкьэр и Iэтащхьэм пщэрыльэ кьысщIащ а кьэхъуэкъащIэ щыкагъуэр зыльэIэсаехэм дазэрыдэIэпыкьуну щыкIэм дегупсысыну. Кьаноковэ Арсен и зы махуэ улахуэр кьыззIуаха счет щхьэхуэм хилъхьэнущ. А жэрдэмыр дэдвгъэIыгъи, предприятэхэр, организацэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр мы Iуэхум хэдвгъашэ, - кьыхигъэщащ Премьер-министрым.

(КIэухьр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ягъэлъапIэ

Урысейм и ныпыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ягъэлъапIэ щIалэгъуалэ зэхьыхьэм и етIуанэ Iыхьэр щыщхьэIум и 22-м Мэшыкьуэ кьыщыгъэIуахащ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ яIущIэну, абыхъм я псалъэ зэхахну, чэнджэщкIэ зыщIагъэкъуэну а махуэм Мэшыкьуэм кьыхъеблэгъэ цIыху щIэрыIуэхэм я лэжьэкIэмкIэ, властыр, щIалэгъуалэр зэрыщIэным теухуауэ зэфIагъэкIыфымкIэ. «Фи гум, фи псэм фIэфI лэжьыгъэ фыпэрытмэ, IуэхуфIхэр кьызэхъуIэнщ икIи кьыфтехьэлъэныкьым. Абы фи гъащIэр щIэщыгъуэ ящынщ», - жиIащ Киселевым и псалъэхэм и кIэухьу.

(КIэухьр 2-нэ нап.).

Нэ ирагъэтыжыну

Кьэралым и мызакъуэу, дунеим и щIыпIэ куэдми я хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэр кIэлъопль ди КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыщыщIэ щытыкIэм. Амур псыр фокIадэм и 2-3-хэм сантиметр 830-м нэсу кьыщIэкIынущ Iэщ1ащхьэкIэхэм зэрыхуагъэфащэм щыхуэхэр егъэгуавэ.

Иджыпсту ирихьэлIэу псыдзэм а щIыналъэм и мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм хэщIыныгъэу сом меларди 10-м щIигъу къыхихьакIэщ. Апхуэдэу щытми, а щIыналъэм и кьулыкъущIэхэр псым нэхъ хуэхъэзыру кьыщIэкIащ, Краснодар щIыналъэм хыхьэ Крымскэ районым нэхьрэ, Нэгъабэ и бадзэуэгъуэм и 7-жэщым абы щыпсэухэм псыдзэ ящIэуэри, щIыхуи 171-рэ хэкIуэдауэ, мин 35-м я мылькум щыщ куэд яфIэкIуэдауэ щытащ.

АпхуэдэщытыкIэмыбы кьыщымыгъэхъуным, щIыхуэхэр псым щыхьэмэным теухуауэ кьэралми щIыпIэми я унафэщIхэм куэд зэфIагъэкI. «Роспотребнадзор» Iуэхущ1апIэм дыгъуасэ банкэм захуигъэзащ а щIыналъэм щыщу щIыхуэ зытетхъэм ар и чэзум япщыныжьыну ятримыкъуэзыну, уеблэмэ щхьэщахьпэнуи кьыхуриджащ.

Хэт футболым нэхъ дихьэхьэр?

Футболыр зыщIысыр зымыщIэ щIыхуэ куэд тету кьыщIэкIынщкъым дунейм. Абы и хабзэ псоми ущымыгъуэзэнкIэ, гуп, футболист щхьэхуэхэр умыщIыхункIэ, я хьыбар умыщIэнкIи мэхъу, ауэ а джэгукIэ хьэлэмэтым э нэхъ мыхъуми зи нэ хуэмыза, абы и хьыбар зэхэзымыха къэгъэзыгъуейщ.

АтIэ фщIэуэ пIэрэ: сыт хуэдэ къэралым и щIыхуэхэр а джэгукIэм нэхъ дихьэхьэр? Куэдым щэч кьыграмыкьэжжаIэнщ - Инджылызым, Германием, Испанием... КъызэрыщIэкIымкIэ, ахэр щоуэ. Исландие къэралыкIыу дыдэм, Фарер хьIыгуэм щыIэм, щыпсэуэнрэ нэхъ «футболыпсэхэр». Абыхъм я процент 10-р а ТолъжьыIыгъуэм мэджэгуэ джэгуэхэм кьадощI. Зэвгъапщэт: Кипрым щыпсэуэхэм я процентэ 4,3-рщ, Шотландием - 3,7-рщ, Инджылызым - 2,8-рщ а джэгукIэ лIэужьыгъуэр зыфIэгъэщIэгъуэныр.

Пэжу, процентхэр зэлъытар къэралхэм щIыхуэ щыпсэум я бжыгъэрщ. Фарер хьIыгуэм ихьэ щIыху мин 50 хуэдизщ икIи пщIым щыпу пIур футболым дихьэхьэмэ, процентри нэхъыбэнущ.

ЩIыщхьэуIум и 24, *щэбэт*

♦Ди эрэм и 79 гъэм Везувий вулканыр кьрихуащ. Абы зэтрикьутащ Помпей, Геркулануи кьалэхэр.

♦1830 гъэм дунейм екьжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.

♦**Украинэм и лъэпкъ махуэшхуэщ** - къэрал щхьэхуэ щыхьэ махуэщ.

♦1943 гъэм Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛIыхьжь цIэр кьыфIащащ.

♦Адыгей усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **КъумпIыл Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦Финляндие Республикэм и президент **Нинистё Саули Вийняме** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхьэнущ.

ЩIыщхьэуIум и 25, *тхьэмахуэ*

♦**Шахтерым и махуэщ**

♦1530 гъэм кьалъхуащ Рюриковичхэ ящыщ ящэ урыс пащтыхь, адыгэ малъхъэ Иван IV Грозный.

♦ Нейрохирург, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор **Семэн Жанно** кьыщалъхуа махуэщ.

♦ Публицист, «КъэбэрдейБалъкъэр» ЕТРК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх кьыщецхьынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхьэнущ.

ЩIыщхьэуIум и 26, *блыщхьэ*

♦1908 гъэм Тыркум ящэ Адыгэ Хасэр кьыщыгъэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм РАН-м и прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтыр кьызэIуахащ.

♦Осетие Ипщэ Республикэр къэрал щхьэхуэу кьызэрилытэм теухуа указым 2008 гъэм Iэ щIидзащ УФ-м и Президентым.

♦СССР-мрэ Мысыр Хьэрыпэ Республикэмрэ дипломатие зэхущытыкIэхэм я хабзэхэм зэрытехьэрэ илъэс 70 ирокIу.

♦Сочэ и курыт школхэм гъэджэгъуэщIэм щыщIадзэж. Ар ипэкIэ кьыщIагъэIэпхьуар XXII ЩIымахуэ Олимп Дзэгухэр а кьалэм зэрыщекIуэкIынурщ. А кьалэм и еджакIуэ цIыкIуухэм а тхьэмахуэр «хуащIыныжьынущ» - дызыхуэкIуэ я щIымахуэ зыгъэпсэхугъэхэр нэхъ кIыхь хьунущ.

♦Америкэр зэрыщIэр 1492 гъэм къзыхута **Колумб Христофор** кьызэралъхуэр илъэс 562-рэ ирокIу.

♦«Тетраграф» ООО-м и унафэщI, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтыр зрата **Шакъ Эльберд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхьэнущ.

Зыльэхьэмыр **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариэт.**

Анэдэлъхубзэм льэпкъыр зэрегъэубыдыж

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м цIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин иджыблагъэ яIущIащ, Тыркум кьикIа адыгэ гупым и пашэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэр хъумэным, джыным, бзэр и льабжьэу льэпкъыр зэрыгъэуубыдыжным.

ИЛЬЭСИБЛ льандэрэ зэкIэлъыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхуакIуэ кьокIуэ адыгэхэр нэхъ зэрыIыгъыу щыпсэу кьэралхэм ящыщ ди лъэпкъэгъуэхэм я сабийхэр. А зэманым кьриубыдэу я адэжь щIыналъэр зрагъэIыхуащ Иорданием, Сирием, Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм. Мы Iуэхур нэхъыбэу кьыщIыдахар нэгъуэщI кьэралхэм кьикI сабийхэм анэдэлъхубзэр ирагъэжьын папщIэщ,

Иджыпсту республикэм щохьэщIэ Тыркум кьикIа адыгэ сабийхэр. Ахэр зрагъэщIыхун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием хыхьэ Мэздэгу районым, Ставрополь краим хыхьэ Серноводскэ районым щыщ адыгэ сабийхэри. А роим Налшык щызэхуашэсащ 2012 - 2015 гъэхэм нэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэх

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ягъэлъапІэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд

ЩІэныгъэ зэгъэгъуэтыным пыщІа гугъуехьхэм теухуауэ гуныкъыгъэгуэ зиІэ щІалэгъуалэм Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкІэ и министрым и кІуэдзэ **Каганов Вениамин** хуаІэ упщІэхэр куэд хьурт.

«ЩІэбэлэр зэрырагъаджэм, ахэр езыгъаджэхэм яхуэмыварэзыуэ куэджаІэ. Ауэ апхуэдизу псори лейкъым. Дуней псор къапщтэмэ, мы Іуэхумкіэ Урысейр япэ ит къэралипщым ящыщщ», - ядэгугъэшащ кныкъыгъэгуэ. Зыгъэ щыт къэрал экзаменыр, зыгъэунэхуэ ныбжьыщІэхэр зыщІэупщІэнур гъуэжкт. ХьэщІэм жиІащ уэзрефІэкІуэным, нэхъыфІ уэзрыхьуным, уи щІэныгъэм зэрыхьбгъэхьуэным яужь уитын зэрыхуейр, кьыхэпха Іэщащэм щІэупщІэ имыІэжмэ, нэгъуэщІым хууемыджэжу, зыхуумыгъэсэжу зэрымыхьунур. «Шу закъуэм и зэманыр икІащ, дз дыщыпсэу лІэщІыгъуэр гупхэр щызэрыІыгъ, зы Іуэху зэдайуэ щызэфІах зэманщ», - жиІащ и псалъэхэм я кІэухуэу Кагановым.

Ныбжьыщ ІэхэмІуагъэщІэну кърагъэблэгъа хьэщІэ лъапІэхэм ящыщт «Кавказ Ищхьэрэм и зыгъэпсэхуПІэхэр» ОАО-м и унафэщІм и кІуэдзэ **ТІымыжь Хьэсэн**. Ар тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхьэрэм щаухуэну я мурад зыгъэпсэхуПІэхэм, ахэр мы Іэнатіэм хуэІэжкъ ІэщІагъэлІхэм зэряхуеиным.

- Кавказым ис лъэпкъхэр, абыхэм я хабзэ дахэхэр зымыщІэ дэтхэнэми ахэр щы зыхихщІэфын зыгъэпсэхуПІэхэр Іэмал имыІэу кІуэдзэпэщынэ хуейщ, - жиІащ ТІымыжым.

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат **Казаковэ Ольгэ** жиІащ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІ, акъыл къыщагъэлъэгуэфын, ахэр псори къыщалытэн утыкуу Мэшыкьуэ кІуэдзэрилытэгъэ. Ар щалэгъуалэм екъуэхъуащ жьыджэру, зэфІэкІ яІэу псэуну. Зэлущ1эм хэту ирагъэкІуэкІащ «Сэ Урысейм срищІыхуу» Іуэхур. Ставрополь щыналъэм щыІэ УФМС-м регистрацэмкІэ и кІуэдамэм и унафэщІ **Прокоповэ Ольгэрэ** Ставрополь крайм щалэгъуалэ ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Шатская Иринэрэ** УФ-м и паспортыр ныбжьыщІэ 19-м иратыжри, балигъ гъащІэм хэбакъуэ щІэблэм екъулІэныгъэр я Іэнэгъуу, гугъуехьым щымыщІынэу, кІыхьыжІам яхуэфащэу псэуну екъуэхуащ.

Мэшыкьуэм щауха адыгэ, балыкэр, кьэзакъ хьэщІэщхэм ди ягъэ итахэм зэрахьа хабзэр, Іэпщ1эльапщІагъэм и щыхьэт хьэпшІыпхэр щагъэльагъуэри, Іэнэхэри кІауэздат лъэпкъ шхыныгъуэхэр тету. Кьэбэрдей-Балькъэрым щыщу Мэшыкьуэ щыІэ щІалэгъуалэр ягъэгушхуэну яхьыкьащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кІуэдзэ **Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Прохладнэ куейм и Іэтащхьэм и кІуэдзэ **Лутї Алий**, Шэрдэж район администрацэм и Іэтащхьэ **Темиржанов Махьты**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кІуэдзэ **Геккиев Сультіан** сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ адыгэ, балыкэр, кьэзакъ хьэщІэщхэр. Псори афІэтхэщІэгъэуну епльащ хьэщІэщым ящыщ зым гъуэгу щІэс Маргъущ Юрэ и лэжьакІэм. Щалэщ1эм лъэпкъ дамыгъэхэмкІэ гъэщІэрэщІа, «Мэшыкьуэ 2013» фэепль тепщэчыр гъуэпльэм кІыхьиІуцыкІырт.

КъБР-м икІа лІыкІуэхэр яІуцащ республикэм и щалэгъуалэу абы щыІэм. КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и фІэхьусыр ныбжьыщІэхэм ярихьыжа нэужь, Кьуэдзокъуэм жиІащ щІэблэр зэрыщІыхьымкІэ, я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкІэ мы зэхьхьэр Іэмальфіу кІуэзэрилытэгъэ. «Ди республикэм фрилыкІуэщ, фринапэщ, дывгъэгушхуэну дыфщогуть», - захуигъэзащ абы ныбжьыщІэхэм. - Псори зэпльатар фэращ: гугъу зэрызевгъэхьащ, зыужьыныгъэм фызэрыхуэщІэкъущ. Дэ ди кьалэныр зыфщІэдгъэкъуэн, дывдэІэпыкъунращи, тхуэзэфІэкІ къэдгъэнэнкъым. Мэшыкьуэр фиГуи фІыкІэ кІыщІынэн щхьэусыгъуэ куэд фиІэну сыщогуть», - жиІащ Кьуэдзокъуэм.

Мэшыкьуэм нэхъыфІу зыкъыщІэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщІхэм ди республикэм и Унафэщ1ым кьыбгъэдэкІыу лъабкъуэрыгъажэ зырыз тыгъэ хуащІащ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и махуэр ди артистхэм я концерткІэ зэхуащІыжащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и тыгъэхэр. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэрал программэхэм щыхоплъэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Зэхьыхьэм япэу щыхэплъащ КъБР-м Щ1ыхуэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ и къэрал комитетым УФ-м и Президентым и пщэрылъхэр зэрригъэзащІэм. Комитетым и унафэщІым и кІалэнхэр езыхьэкІ Гугъуэт ФатІимэ зэрыжиІамкІэ, республикэм лэжьапІэр зэрыщІэзэпэубыдар къэгъэщэбэным хуэунэтІауэ щхьэхуэу зэфІэгъэкІыпхъэхэм я программэм тету, ныкъуэдыкъуэгъэ зыбгъэзэпльэр къызэращІэнум техуэуа зэгурыуэныгъэр Іуэхум ящыщІащ, хьэзыр хьуа Іэнатіэхэм цыху 14 ягъэуващ. Ныкъуэдыкъуэ 455-рэ зыхэта щэупщІэныгъэ ирагъэкІуэкІати, абыхэм я процент 51,6-р лэжьэну, 70-м я Іуэху кьыдахьжыну хуейщ. А программэ щхьэхуэмкІэ мы гъэм цыху 98-м Іэнатіэ кьыхудахьну я мурадщ. Абы сом мелуани 6,5-м щІигъу хухахащ.

- Щ1ыщхьэ1у дызэрыпим и 20-м ирихьэлІэу ныкъуэдыкъуэ 64-рэ кьызэращтэнум техуэуа зэгурыуэныгъэхэр Іуэхущ1апІэ 26-м етщІылащ. Я узынщагъэр зыхуэдэм ельытауэ, цыху 56-рэ зыпэлъэщ1ыну Іэнатіэхэм дгъэуващ. Лэжьапіэр зыхуейхэмкІэ кьахуэзэгъгъэнэщ дэтхэнэ унафэщІми Іэнатіэ кьэс хуэзэу сом мин 66,2-рэ еттыжащ. Мы гъэм и щІыщІэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу ныкъуэдыкъуэ 737-м ди центрым зыкъыкъуагъэзати, 201-м я процент 27,3-м яхуэгъэжьарууну Іэнатіэ кьахуэдгъуэтащ, - кьигъэльэгъуащ Гугъуэт ФатІимэ.

Зэраубзыхуэм хуэдэу, илъэсищ хьуху зи сабийм кІэлъыплъ цыхубз 60 Іэкъыгъэм хуагъэхьэзыращ, щ1эрыщІэу ирагъэджэжащ, я Іэзагъэм хагъэхьуащ. Республикэ бюджетым щыщу сом мин 651,5-рэ а Іуэхум хуохакащ. Ахэр псори Іэнатіэкіэ кьызэрагъэпэщынущ.

УФ-м и Президентым и пщэрылъхэр зэрагъэзащІэм теухуауэ Гугъуэт ФатІимэ жиІаэм зэхуэсахэр арэзы техьащ.

Зэ1ущІэм щыхэплъащ «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м егъэджэныгъэм зэрызыщ1ужьыныр» республикэ кьэрал программэм теухуа унафэм и проектым. Ар тещІыхьащ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм зегьэужьыным, зэредж программэхэр зэрагъэзащІэ Іэмалхэмрэ технологиехэмрэ егъэфІэкІуэным, зыхуэфащэ Іэщ1агъэлІхэр гъэхьэзырыным, сабий зеиншэхэм, зи узынщагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ тэмэм етыным, адэ-анэм ямыпІыжу кьэна дэтхэнэ сабийми хуэфащэ псэукІэ кьахуэзэгъэпэщыным, нэгъуэщІхэми.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр Семэн Пщыкъан кьызэрифІэгъэгъуамкІэ, 2013 - 2020 гъэхэм республикэм егъэджэныгъэм зэрызыщ1ужьынымэ тещІыхьа къэрал программэр гъэзэщІынэм сом мелард 74-рэ мелуан 405-рэ мин 920,1-рэ хуоэз.

Апхуэдизу министрым кьыхилъхьащ 2013 - 2020 гъэпщІондэ КъБР-м щрагъэкІ щІалэгъуалэ политикэр гъэлъэщынымэ, республикэм кьуаншагъэ щемыгъэлэжьынымэ, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ щынагъэщынагъэмрэ щ1ыгъэбыдэным теухуа къэрал программэхэр. Тепсэлъыхьа нэужь, ахэр унафэкІэ кьащтащ.

НэгъуэщІ Іуэхущ1уэхэри щ1эзэпкъраха зэ1ущІэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министрым и кІуэдзэхэу **Уинаев Казым, Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Кьэбэрдей-БалькъэрымкІэ федеральнэ инспектор нэхьащхьэ **Вербицкий Алексей**, кьалэ, район администрацэхэм, кьэрал комитетхэм я унафэщІхэр, ирагъэблэгъа кьуликьущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Узынщагъэ

Іэмалыщ1эхэр къагъэсэбэп

**Республикэ клиникэ сымаджэщым иджыблагъэ зэ1ущІэ щекІуэкІащ щ1ыхуэзэм ягъуэт медицинэ дэ1эплькъунытэм и фІагъым теухуауэ. Абы хэтащ КъБР-м и Щ1ыхуэзрашалІэ, неврологие, интенсивнэ терапиемрэ реанимацэмкІэ, кардиологие, УЗИ, рентген, компьютер томографие щащІ кьудамэхэр, нейрохирургиемкІэ операцІ ирагъэкІуэкІ гпэщ, клинико-диагностикэ лабораторэ, нэгъуэщІхэри. Апхуэдизу жащІ махуэ лэжьэнущ сымаджэхэм щепль, чэнджэщхэр щрат центр. Абы хэтынущ телемедицинэ зэпщІэныгъэхэр кьагъэсэбэпу район сымаджэщхэм я Іэщ1агъэлІхэм дэ1эпькъуэгъу щахуэхьун, кьищынэмыщІауэ, хуей хьумэ, я унэтІыныгъэмкІэ кьэралым и центр нэхъыфІхэм щызыпащІэфын пэш щхьэхуэ.

Мы зэманым кьыхах центрым щ1ыпхьэнэу Іэщ1агъэлІхэр, Шэт Ирмэ кьызэрыкитхъщ1ащ1э, а пльэныкъуэкІэ нэхъыщхьэу зытрагъащІэр ябгъэдэлъ Іэзагъэрщ, Кьыхаха лэжьакІуэ псоми Бурнаазян А. И. и щІэр зезыхьэ, биофизикэ медицинэмкІэ федеральэ центрым мазэкІэ я щІэныгъэм щ1ыхагъэхьэнущ.

Зэ1ущІэм нэхъ зыубгъуауэ и гугъу щащІащ инсульт е инфаркт зыгъуэтар сымаджэщым зэрынашэсыным. Льынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ центрымрэ ябы и кьудамэхэу Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщымрэ, Прохладнэ район сымаджэщым щ1ыхэм ирагъэбёдыдлІащ ягпэгунэгъу кьуажэхэр. Апхуэдэу ябубыку «Дэ1эпькъуэгъу псынщІэм» и лэжьакІуэхэм я узыр зэуэлІар сымаджэщым нашэсыху Іэмал имыІэу ящІэн хуейхэр. «Сымаджэщым нэтэшсхьухкІэ узым едмыгъэубыдым щхьэкІэ дэтхэнэ зы дакьикъри кьыдогъэсэбэп, ауэ абдеж дынэса нужь Іуэхур зэхэтэкІыным схьэхтпІым нэблагъэ тращэкІуадэ. Ар къемыззэгъщІ» - жиІащ министрым. Зэман гъунэгъуэм кьриубыдэу медицинэ Іуэхущ1апІэхэм сымаджэхэр кьызэращІалІэ и кьудамэхэм видеокІэльыпІэныгъэхэр щагъэувыныщ. Инсульт е инфаркт зиІэхэр сымаджэхэм зэрыщІагъэуцахьхьэ хабзэхэм зэхъуэжьыныгъэхэр игъэутынкІи кьэтыщ.

Щэтым Республикэ клиникэ сымаджэщым и лэжьакІуэхэм яжриІащ щ1ыхуэхэм хуащІэ медицинэ дэ1эпькъунытэм и фІагъыр кьэпщІытэнэр мы гъэм щегъэжьащэу министерствэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщІэзэрыщІытынур. Псом япэрауэ, дохутырхэр Іэмал имыІэу тетым хуейщ яубзыхуэ иджыдей жьыпхъщІэхэм, нэхъыщхьэу гупльитІэ зыхуащІын хуейр сымаджэхэм хуатх хущхьуэхэр абыхэм сэбэп зэрахуэхъунырщ.

Иужьрей маэзм республикэ клиникэ сымаджэщым и реанимацэ кьудамэм хущхьуэхэр кьызэрыщагъэсэбэпэр кьиплыщтащ Іуэхт Мурат. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, хущхьуэ куэд зыкІи сымаджэм сэбэп хуэмыхьуу кьагъэсэбэп. Абы и лъэныкъуэкІэ дохутырхэм папщІэ курсхэр кьызэрагъэпэщынущ медицинэ дэ1эпькъуныгъэм и иджырей жьыпхъщІэхэм щагъэгъуазэу.

Министрым и лэжьэгъуэхэм яжриІащ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм сымаджэм игъуэт Іэзэгъуэм и фІагъыр зэрыригъэлъэхьэхым кьищынэмыщІауэ, Іуэхущ1апІэм и мылькъуми хэщІныгъэшхуэ зэрыритІащ, абы кьыхэкІыу хущхьуэхэр нэхъ зэгъэзэхуауэ кьащІэхуэ зэрыхуейр, абы и фІыгъэкІи сымаджэщым Іэмал иІэнущ иджырей хущхьуэ лъапІэхэри иІэну. Сымаджэхэм хущхьуэхэр кьызэрыхухах щ1ыкІэм теуха кьэщІыгъэныгъэхэр республикэм и адрей сымаджэщхэми щекІуэкІынущ.

- Медицинэм и лэжьакІуэм сымаджэм бгъэдыхьэкІэ тэмэм кьыхуигъэтыфу щ1ытын хуейщ, - жиІащ Щэт Ирмэ.- Абы сымаджэм е абы и благъэхэм тэмэму ягуригъэІуэфыпхъэщ я Іуэху зыІутыр, ящІэн хуейкэр. Медицинэ зехьэнэм хуэдизу ирагъэ кьотхъэусыхэ курыт медицинэ лэжьакІуэхэр пхъашэу кьаэзрыхущытым кьыхэкІыІу. Апхуэдэ Іуэхуэхэр псори зэхьдогъэжі. Медицинэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІхэм я лэжьакІуэхэм гурагъэІуэн хуейщ щ1ыІэ дохутыр хабзэхэр зэрагъэзэщІапхъэр».

ЩОМАХУЭ Лилие.

● ЩІэ

Нэгузегъэужьыпіэ ящІ

Белгород кьалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Къуажэ туризмэр Урысейм» зыфІаща етІуанэ дунейпсо форумыр. Абы хэтыну зэрыхуейм теухуа хьыбарыр Интернетым езым щІэ блогым нэхъ пасэу щритхат Бахьсэн куей администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн.

- УФ-м и щІыналъэу 36-м, Польшэм, Чехием, Румыниием, Эстонием, Украинэм, Белоруссием, нэгъуэщІ кьэралхэми кьикІа лІыкІуэхэр тепсэлъыхьащ мэкьумэш туризмэм зегъэужьынымкІэ хэкІыпІэу щыІэхэм, - жеІэ Сыжажэ Хьэсэн. - Зэхьыхьэм кьыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэм кьыщыпщэху хьурт цыху Іэпщ1эльапщІэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр. Кьищынэмыщ1ауэ, кьыхуагъэльагъуэ экскурс гъуэгуанэхэм щыщ нэхъ ягу ирихьыр кьыхахыну хьэщІэхэр хуитт.

Бахьсэн муниципалитетым и унафэщІыр, адрей щ1ыналъэхэм кьикІа лІыкІуэхэми хуэдэу, и тельхьэщ мэкьумэш туризмэм зебгъэужьыным мылькъушхуэ зэримыхьынум. Ауэ цыхухэм зыщагъэпсэхуну кьуажэхэмрэ щ1ыпІэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи зауэкьуэ щытыпхъэщ.

- Кьуажэхэм зыгъэпсэхуПІэ щ1эныкъмкІэ япэ ища щ1ыналъэхэм ящыщщ Белгород, Ленинград, Калужскэ, Калининград, Тамбов областхэр, республикэхэм ящыщу Чувашиемрэ Карелиемрэ, Подмосковьемрэ Алтай краймрэ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

● Министерствэхэм

Зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм щытопсэлъыхь

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щ1ыщхьэу1ум и 13 - 14-хэм щекІуэкІащ Прохладнэ, Май, Бахьсэн муниципальнэ районхэм, Прохладнэ, Бахьсэн кьалэ округхэм, Май кьалэм, Альтуд кьуажэм я Іэщ1агъэлІхэм я зэ1ущІэ. Ар теухуауэ щытащ кьэрал Іуэхутхьэбзэхэр Іэнатіэхэм я зэдай электрон зэпщІэныгъэ Іэмалымкі (СМЭВ) зэрызэфІагъэкІынум пыщІа Іуэхугъуэм. Кьапщтэмэ, зэхьхьэм щызэпкърахащ дапщэщи (пІальэнщэу) пщІэншэу яІыгъыну хуиту, бэджэнду е унейуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ щІыхуэхмрэ щІы Іыхьэхэр щ1ыхуэхахкІэ зэрызэдэлэжьапхъэр.

НЭХЬАПІЭУЭКІЭ гу зэрыпльывэдгъэтащи, властым и федеральнэ, щІыналъэ, щІыпІэ органэхэм Іуэхутхьэбзэхэм папщІэ зыхуей хьыбархэр электрон Іэмалкі зэІэпахыну, абыхэмкІэ зэхъуэжьну СМЭВ-м хуит ещІ. Апхуэдэу, СМЭВ-р кьагъэсэбэпу, къэрал Іуэхутхьэбзэхэр щ1ыхуэм зы щІыпІэм щ1ыхуащІэ хьунущ.

Фигу кьэдгъэкІыжьныщІи, Іэнатіэхэм эддай электрон зэпщІэныгъэ Іэмалыр Кьэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм щ1ыхуэзэгъэнымкІэ Іэпщ1ольнэ республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Гъуэгу къежьапІэ

«Этана»-м итІанэ сыт игъэхъэнур?

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и инвестицэ проект нэхъ ин дыдэр Май районым щагъэзащІэ. Абы щауху полимер кьабзэхэм щелжьыну «Этана» заводыр.

ПРЕДПРИЯТЭР зэтеувэху Май районымрэ республикэм и адрей щІыпІэхэмрэ щыщу цыху 400-м нэблагъэ Іэнатіэ ягъуэтынущ. Заводыр ирагъажьэмэ, лэжьакІуэ минищым нэс кьащтэнщ.

Предприятэм и унафэщІ Іэщын Сергей а щІыпІэр зыхуэзэ Октябрьскэ кьуажэм мылькукІэ зыщІегъакъуэ. «Этана»-м хухиха ахьшэмкІэ кьуажэжьум хуэзэ цыху зэпрыкІыпІэм уэздыгъэ щыкІадзащ, баннерэр хащІыхьащ, сабий зекІуэнІэхэм гъуэгу дамыгъэхэр щагъэуващ.

Республикэм кІуэцІрыкІ автомобиль гъуэгур жьлагъуэм зэрыкъуэзэм кьыхэкІыу, цыхухэм я щынагъуэнщагъэр кьызэрагъэпэщынымрадкІэ, хуабжьагъыр зэтезыІыгъэ лъэпощхьэпо Іэрыщ1эр хащІыхьнущ. Зыхуей мылькур Транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министерствэм хухихащ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Щ1ыуэпс

Урысейпсо щІыхьэху

Щ1ыщхьэу1ум и 31-м ди къэралым щекІуэкІыну «Урысей щхъуантІэ» щ1ыуэпс щ1ыхьэхум хэтынущ Кьэбэрдей-Балькъэрри. А махуэм щ1ыкІ мелуаным щІигъу УФ-м и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ ягъэкъэбзэнущ.

КъБР-м Щ1ыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм районхэр, кьуажэхэр, лэжьакІуэ, еджакІуэ гупхэр, щалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр, республикэм щ1ыпІэу псори ирегъэблагъэ урысейпсо Іуэхум хьыхьэнуикІи езыхэм кьахуэгъэза щ1ыналъэхэр ягъэкъэбзэну.

«Ди щ1ыпІэр кьаБэзэ, дауэ зехьэным псори яужь дитмэ, щ1ыуэпсым и фІыгъуэр тхуэхьумэнщ», - жеІэ министр Гъэзиев Берт.

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэзиз,

КъБР-м Щ1ыуэпсхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Бжыгъэхэр

Промышленностым зеужь

Кьэбэрдей-Балькъэрым статистикэмкІэ и Іуэхущ1апІэм кьита бжыгъэхэм ятепщ1ыхьмэ, 2013 гъэм и щ1ыщыл - бадзэуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу республикэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щ1ым кьащІах хьугъуэфІыгъуэу сом мелуан 36,2-рэ и уасэ ящащ, промышленностым продукцэу кьащІигъэкІым нэгъабэ ельытауэ процент 116,9-кІэ хигъахьауащ.

СЫРЪЕМ елэжь Іэнатіэхэм продукцэу ящар зэрыхъур сом мелард 15,4-рэ и уасэщ (нэгъабэ ельытауэ процент 68,2-рэ). Электрокъарууэ, газу, псыуэ сом мелардитІ 4,5-рэ и уасэ кьалэжьри трагушащ, абы и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр нэгъабэ и апхуэдэ зэманым ельытитмэ, процент 111-рэ мэхьу.

Улахуэм кьыщІэкІыр нэхъыбэ мэхъу

2013 гъэм и яп1э ильэс ныкъуэм республикэм ику иту лэжьапащІу сом 17293-рэ щатащ, нэгъуэщІ зэмылІэужьыгъуэхэм ильэс кІуам и апхуэдэ льэхъэнэм ельытауэ процент 15,4-кІэ хэхъуащ. Хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэмрэ я зэманым кьрубыдэу нэхъ льапІэ зэрыхьуар къэпльытэмэ, щ1ыхуэм ящІыкІ ику ипу кьыІэрыхьэ улахуэм процент 5,9-кІэ нэхъыбэ кьыщІокІ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм кьызэритымкІэ, а льэхъэнэ дыдэм кьриубыдэу щ1ыхуэзм пщІэкІэ Іуэхутхьэбзэу хуащІащ сом мелард 11,45-рэ и уасэ (нэгъабэ ельытауэ процент 105,4-рэ).

Хьэпшыпуи ерыскъыпхъэуи ящэм хохъуэ

Ильэсыр кьызэрыунэхуэрэ рознищэ сатум и Іэнатіэм щ1ызэблагъэкІар сом мелард 44,8-рэ и уасэ мэхьу. Ар 2012 гъэм и апхуэдэ льэхъэнэм ельытауэ процент 103,6-м щегъу, кьыджеІащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм макроэкономикэмкІэ и кьудамэм и Іэщ1агъэлІ-эксперт нэхъыщхьэ Кьер Залинэ.

ИЛЬЭС зыбжанэ льандэрэ кьызэрекІуэкІым хуэдэу, мы лъэхъэнэм яща товар псомя ящ1ыщу зэхэпщ1ыпхэр нэхъыбэу (процент 52,4-рэ) щытащ, ерыскъыпхъэхэм нэхърэ (процент 47,6-рэ).

Рознищэ сатум и процент 69,1-р кьызэрагъэпэщащ сатуущ организацэхэмрэ бёзэрхэм щ1ымылажьэ щ1ыхьащэу хьэрычэтыщІэхэмрэ. Рознищэ сатум и процент 30,9-р бёзэрхэмрэ жармыкІэхэмрэ кьызэрагъэпэщащ. 2013 гъэм и щ1ыщыл1э - бадзэуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу ерыскъыпхъэу, псы зэмылІэужьыгъуэу, тутынхэжьыу процентэ 3,2-кІэ, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэу процентэ 4-кІэ нэхъыбэ ящащ блэжьа ильэсым и апхуэдэ льэхъэнэм ельытауэ.

КЪУРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Гъавэ-2013

Республикэм щынэхъ бжыгъэфІщ

Дзэльыкъуэ район администрацэм мэкьумэш хозяйствэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Бэрэздж Ризуан кьызэрыджІамкІэ, куейм и гъавэзэкІэм хьэпэпэщІэ яхуэбэтащ. Бжьыхьэсэ гуэздым гектарым ику иту центнер 50-м нэблагъэ кьыщІалукІащ. Мэкьумэш щІапІэхэм я Іыхьэ щанэр а кьэбжьгъэм хухахауэ щытащ. Районым ику иту гектарым кьыщІэрахар центнер 45-м и кІэ кьихуэнукъым. Ар республикэм щынэхъ бжьыгъэфІщ.

ЕХЬУЛІЭНЫГЪЭР кьрикІуащ жылапхъэфІхэр («Васса», «Лебедь», «Скарбница», «Самурай») и чэзум зэрагъэхьэзырам, губгъуэ лэжьыгъэхэр агротехникэм и пІалъэ нэхьыфІым кьитІасэу зэрыригъэкІуэкІам, щ1ыгъэпшэрхэмкІэ, химие Іэмалхэмкі зэрегугъуам. Абы и фІыгъэкІэ, хьэсэ щхьэхуэхэм центнер 70-м щІигъу ящатащ.

Бжьыхьэсэ, гъатхэсэ хьэм, зэрызэкІэлыкІыуэ хуэдэу, ику иту гектарым центнер 40-м, 35-м, зэнгъэшэм центнер 40-м нэблагъэ кьытрахащ. «Малкэ Ипщэ» СХПК-м тритикале кьэкІыгъэм (хьэпщІий-гуэдз гибридщ) гектарым хуэзэу центнер 54-рэ кьыщІалукІащ.

Мы зэманым хьэуазэр кьраш, щ1ыр бжьыхьэвэм хуагъэхьэзыр.

БЖЬАХЪУЭ Маринетэ.

● Щэнхабзэ

Санкт-Петербург щ1ыщ гуп кьытхуоблагъэ

Щ1ыщхьэу1ум и 22 - 23 махуэхэм Кьэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІащ кьэзакъ щэнхабзэр джыным хухэха дунейпсо Іуэрыіуатэ экспедиц.

АБЫ и нэхъыщхьэр кьэзакъ щэнхабзэм и фонду Санкт-Петербург дэтым и унафэщІ Чирков Юрийщ. Кьэзакъ лъэпкъ уэрэдхэр зыгъэзащІэу абы и нэІэм щІэт «Братина» (щ1ыхуэку ансамбл), «Чапура» (эстыр щ1ыхубхэрщ) гупхэм яГъэзащІэхэм хагъэхьащ тэрч кьэзакъхэм я уэрэдхэри.

Хабзэхэр джыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр щекІуэкІащ Прохладнэ, Май районхэм я Екатеринограднэ, Котляревскэ, Александровскэ станицэхэм. КьэхутакІуэ гупым хэтхэр щ1ыІащ Екатеринограднэ жІым щ1ыпсэу кьэзакъ бзыльхугъэ Долженко Надеждэ и деж. Станицэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и кьэзакъ хорым хэта Надеждэ и адэ-анэм кьащІэна пхъуантэхэм кьыдихьжат лІэщ1ыгъуэ-лІэщ1ыгъуэкІэрэ зэІэпахыу кьэгъэугурыкІуа, музей гъэтІылъыгъэ пщІыкІи узытемыуцІыхьыну хьэпшыпхэр. Макьамэхэмрэ уэрэдхэмрэ зэрыригъэтх Іэмэпсымэри мы уиэрат щагъэуващ. Экспедицэм и лэжьыгъэр ихужь, макьамэ альбом кьыдагъэкІынущикІи ильэсым и кІэухым Санкт-Петербург щрагъэкІуэкІынущ «Къэзакъ щ1ыхь» зыфІаща дунейпсо фестивалым.

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

Хабзэр къыІзэпауд

Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъуэм и Іуэхущ1апІэ КъБР-м щ1ым Май куейм кІэ и кьудамэм къыІэрыхьащ Урысей Федерацэм Ьветнамым щ1ыщ щ1ыхуэ 8 зэрырагъэжькІыжьм теухуа дэфтэрхэр.

ЗИГУГЪУ тщІа щ1ыхуэм Урысей Федерацэм и щ1ынальэм ущ1ынымкІэ хабзэр кьыІзэпаудащ. Абы кьыхэкІыу Май район кьудамэм и зэ1ущІэкІэ судьям административнэу ахэр кьэралым игъэкІыжьынымкІэ унафэ кьищтащ. Суд приставхэм Ьветнамым и щ1ыхуэр КъБР-м щ1ы1э МВД-м и егъэзащІэ хэхам щІагъэзэгъащ. Іэнтхъуэщап-хъуэ законодательствэм ипкъ иткІэ, ахэр кьэралым щрагъэкІыжынум абы щ1ыпэплъэнущ.

АЛЪТУД ФатІимэ.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Премьер-министр Шэрджэс Сибел.

Кипр Республикэм и премьер-министр Сибер Сибел

Адыгэхэр Хэкужьым щрахум, ахэр зракІута кхъуХ фейцеижьищым языр Кипрым и Іэгъуэблагъэм щы-щІилъэфауэ щытащ. Кьелахэм я щІэблэр Кипрым щопсэу Шэрджэс унэцІэ зыфІащыжауэ. Нобэр кьыз-дэсым къэмыхъуауэ, Кипр Ищхьэрэ Тырку Республикэм премьер-министр кьулыкъур бзылъхугъэм щы-хуагъэфэщащ. Ар зи гугъу тщІы ди лъэпкъэгъуэхэм, 1864 гъэм Хэкум иІэпхъукІахэм, кьатепщыкІа адыгэ цыхубз Іущ Сибер (Шэрджэс) Сибелщ.

Хэту пІэрэ Сибер Сибелыр?

И инагькІэ Кипрыр хы Хужьым хэт хьгІыгъэм я ещанэщ, 1974 гъэм щегъжьауэ Тыркымрэ Алыджымрэ зэпаубыда къэралыр тІу иращыкІащ: ищхьэрэ лъэныкъуэр - абы хьгІыгъуэм и Іыхьэ 37-р кьеубыд - Тыркум кьылысащ; ипщэр Алыджым щыщ хъуащ. Зи гугъу тщІы хьгІыгъуэм и ищхьэрэ Іыхьэр езы Тырку Республикэм фІэкІа нэгъуэщІ къэралхэм кьамылытэми, зыхуей хуэзауэ цыхухэр щопсэу. Политикэ и лъэныкъуэкІэ парт зэмылІэужьыгъуэхэр зэныкъуэкъу щыхьэм, президент Эроглу Деруиш парт пэрытым кьыпэщІэтхэм (оппозицэм) язым и лыкІуэ Сибер Сибел иригъэбгагъэри, пІалъэкІэ премьер-министр ІэнатІэм тригъэуващ. Дзыхь кьыхуащІу апхуэдэ ІэнатІэ ин кьыззэрыратам папщІэ фІыщІэ зэрищІыр щыжиІэм, Сибел псалъэ итащ кьыхуащІа щыхьым хуэфащэу лэжьэну, лъэпкым а Іуэхур хуэмахуэнуи ехъуэхъуащ.

«Кипр Ищхьэрэм и уэрамхэр цыхухэм нэжэгужэу кьыщакІухь къэрал сщІынрыщ си пІалъпэр, - кьажриІащ журналистхэм Сибер Ізнатім щыпэрыхьа махуэм. - Цыху къэси гугъапІэ иІэщ, зыгуэрхэм йохьуапсэ. Сэри си хьуэпсапІэхэм язт премьер-министр сыхъуныр. Сыту жыпІэмэ, абы цыхухэм я псэукІэм зыкъебгъэІэтыну, тхъэгъуэ, гурыфыгъуэ ебгъэгъуэтыну гуащІэ къыпхельхьэ, Іэмали кьует. Кипрым иц бзылъхугъэхэр цыхухъухэм кьакІэрымыхуу фІыуэ йоджэ, ауэ цыхубэ гъащІэм ар нэрылъагъуу кьыхэщыркъым. Псалъэм папщІэ, нэрыбгъ щэ ныкъуэхъу ди парламентым зы бзылъхугьи хэтккым, цыхубз зи пашэ зы парти диІэкъым. Апхуэдэуэрэ ахэр политикэм щоужыпэ. Премьер-министр сызэрагъэувам цыхубзхэр кьигъэгушхуэжащ. ІэнатІэр зэрысІыгъынри пІалъэ кІэщІми, политикэ Іуэхукіэ бзылъхугъэхэм уащыгугъ зэрыхъунур цыхухэм езгъэльагъуну сыхуейщ».

Сибел 1960 гъэм Лефкошэ, Кипр Ищхьэрэм и къалащхьэм, къыщалъхуащ. 1983 гъэм дохутыр ІэщІагъэм хуэфащэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ Истамбыл щызригъэІэуэтащ. 1984 гъэм а ІэщІагъэ дыдэр зиІэ Сибер Рифат, Лефкошэ дэт къэрал сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм, унагьуэ диухуащ. Зэщхьэгъуэгъэм бынитІ зэдаІ: экономикэм хуеджа Шумэррэ юрист факультетым щІэс Айсел пщащэмрэ.

1989 гъэм Сибел Виржиние университетым (США) фошыгъу узым, 2000 гъэм - Чикагэ Руш университетым хуэ-лыпІэ (ревматизм) узыр зэрагъэхъужым щыхъуеджащ. Сибел дохутырым и мызакъуэу икІи журналистщ, ар Кипрым кьыщыдэкІ газетхэм язым щыІэжьащ, и эссехэр зэрыхуа «Си пщыхьэпІэхэмрэ си гупсысэхэмрэ» тхылъыр 2011 гъэм кьыдигъэкІащ. Сибел и Іэдакъэщ-щІэкІхэм кьыхэтха пычыгъуэхэм языщыщ адэкІэ къэтхъым щэч лъэпкъи кьагъэнэжьыркъым ар зэрыадыгэмкІэ.

ХЬУАЖЬ Фахьри.

Тремешерэ ди лъапсэмрэ

Тремеше жьхуаІэр си сабиигъуэм и гукъинэж дахэхэр щекІуэкІауэ псэм пэсщІ си кьуажэрщ. Си адэр Іэнатіщіэ кьратту Лефкошэ щагъэкІуа 1972 гъэм кьыщыщІэдзауэ абы сыщыпсэуащ.

Кьуажэдэсхэм сыт хуэдэ хьэлщэн ябгъэдэлъ жьпІэмэ, дэтхэнэ зыри щІэуэ къьежьэм ягу яхуэзІухауэ зэрыщытырт. Кьуажэр и къэхьэуэ ефапІэхэмкІэ щІэрыІуэт. Къэхьэуэгъавэ «ди анэш Мэхьмэткіэ» зэджэм пшахьуэ пштырым кьэхьэуэ кІэрисхьэ щигъавэу ахэмум кІэрыт зэпытт. Кьуажэм дэс алыджхэр бжьгъэкІэ нэхъыбэми, псоми фІы дыдэу тыркубзэ ящІэрт, кьуажэкум ит къэхьэуэ ефапІэхэм емыззэщу къекІуалІэрт. Абыхэм щагъавэ кьэхьэуэхэрат уэзфэну зыхуэфащэр, абдеж кьыщауэршэрри ГъэщІэгъуэнт.

Си адэм и лъэныкъуэкІэ сэри Тремешем сыщыщщ. Си анэуэ и анэшхуэр, абы дызэреджэр нанэжьт, лъапсэкІэ адыгэт. Лъэпкъыр и щІыналъэм къыщрахуа адыгэм я Іэпхъуэшхуэм абы и анэр хьыджэбз цыкІуу хиубыдащ. И адэ-анэр и гъусэу пщащэ цыкІыр «кхьаблэ ескІэ» (цыхуэхэр зракІута кхъухьэм илІыхьу ахэр кхъаблэ е бэн щахуэхьуж кхъэхьурт), зэджэ кхъухьэм язым ирагъэтыісхьэри япэщыкІэ Уэсмэн щІыналъэм, итІанэ Кипр хьгІыгъм ягъэІэпхьуат. Хьыджэбз цыкІум и анэр, адрей куэдым уэзымрэ гъаблэмрэ щызэхьхьэжа кхъухьым илІыхьри, хьм хадзэжащ... Кьела тІэкІыр Кипрым и щІыпІэ зэпэщхьэхуэхэм ирагъэтІысхьащ.

ЩІыхь зыхуэхэм щІэхутакІуэ Федаіи Хьарид дэфтэрхэр и тегъэщІапІэу кьиуэтэжу зэхэсхащ: адыгэхэр кьызэриті ысхьар я гуапэ хуэатэжьым Кипрым щыпсэухэм. Ар нэхъ кьызыхэкІри экономикэр. ЩІакхъуэм и уасэм тІуикІэ хэхъуа нэужь, чыристани мусльмэни зэхьхьэри тхьэмадэм елъэІуащ абы адэкІэ хьгІыгъум зыри кьрамыгъэхьэжьыну. Кипр къэкІуа адыгэхэр Іэпхьлъпкъкіэ зэрыбыдэм, зэрылъэщхэм нэмыщІ, лыгъэшхуэ зыхьэлъ цыхуу зэпІэзэрыгтхэт. Я цІыхубзхэр дахэт, губзыгъэт, нэгъуэщІым щымыгугъыу ІэпщІэлъапщІэхэт. Я щІакхъуэ Іыхьэ мывэм кьыхахьфу лэжьакІуэ жанхэт. Си нанэжь си нэгум кьыщыщІэувэжкІэ, а псори зэрыпэжым щыхьэт сытохьуэ.

Си адыгэ нанэжьри хым хадзэжат

Си анэр хуабжьу бзылъхугъэ дахэт. Ерагъыщ си нэгу кьыззэрыщІэувэжыр. Цыхубз псыгъуэ лъагэт, и нэшхуэхэр уздыфэу. И щхьэці фІыцІэ кІыхьыр и бгым нэсырт.

Адрей я лъэпкъгъуэм хуэдэу, адыгэ лъэпкъ Іэпхъуэшхуэм хиубыда си адэ-анэр зэрыс кхъуафэр я нэгу кьыщІэмыхьа гъащІэ кІыфІт зыхуэжьуэр. Я лъапси, я гъащІи, яІа псори кьагъанэри Хэкужьыр ябгынат абыхэм. Гугъуехь куэд дыдэ ягъэунэхуами, я гугъэр ягъэкІуэдыртэкъым, гугъэр бгъэкІуэдыныр-рэ улІэпэнымрэ зыуэ зэрыщытыр ящІэрти. Хы гъунэншэм хэсыхьхэуэрэ ямыцІыху гъащІэм здыхуэкІуэм, аэр зэрыс кхъуХхым уэ бзаджэ къыщаІ, гъаблэм ищтахэм лІэныгъэри кьещэу.

Адыгэхэм хэкум зэрабгынар, и анэм и лІэкІэ хьуар кьыщІиуэтэжкІэ, си анэм и нэхэр зэпІлым тедиерт. «ИльэсипІ фІэкІа сыхъуртэкъым, аэу сощІэж ар псым зэрыхадзар. И щхьэці фІыцІэ кІыхьышхуэр хы толъкъуныщхуэм щыбырыбырт. Нэм имыльагъужьхункІэ кІэлъыплъащ кхъухьырысхэр хьэдэпкъ псэнщэм. Си щыпхъумрэ сэрэ ди адэм и кхъущІым дису дыззэгуІар зэи сщыгъупщэркъым. Сыгъарт, ауэ губжьми сиІыгьт, зысІэту: «Сыт си анэр хьм щыхэвдзар?» - жысІэу псоми сапэувыну сыхьэзыр».

Сабий щхьэкІэ, и нэгум щІэкІа гуауэм я нэхъ иныр мыкІыжьи уІэгъэу кьытенат и псэм. И адэм и Іэплім ису щІым кьызэреуэзхари ищІэжьырт. Зы унагьуэу зытехьа гъуэгуанэм анэшхэ ибзу ирихІуат. Ауэ сыт хуэдэ гугуехь пэщІэмыхуами, гугъэр ямыгъэкІуэду я Хэкужьым зыкІи емыщхь хьгІыгу цыкІум гъащІэм щыпащэну хуежьащ зэзышпхъу цыкІуитІымрэ я адэмрэ.

Адыгэхэр я Хэкужьым кьызэрырахуар тхыдэм и зы Іыхьэщ, гуауэрэ гуэзвэгъуэкІэ гъэнщІауэ. Урыс пащтыхьым и унафэкІэ лъапсэншэ, хэкуншэ хьуахэр илъэс кІыхь Іэджэкіэ кьимыкІуэту гугъуехьым пэщІэтахэщ.

«ГущІэгъуншэу зауэ мэхьадджэт. Адыгэ кьуажэ щ бжьгъэхэм мафІэ лыгъейр ирадзат. Щытеуэ хабзэр жэщыбг нэужьрат. Урыс зауэзхэм адыгэхэм иращІылІа хьэзабыр нэсу кьиІуэтэжьину зы репортёри тегушхуэртэкъым», - ятхыжащ урыс классикэм.

1864 гъэм Хэкужьым кьрахуа адыгэхэу зи бжьгъэр мелуаным щІигъуэ зи Іэплі кьахуэзІуэзыха Уэсмэн щІыналъэм щагъэтІысыну кхъухькІэ гъуэгуанэ трагъэхьащ. Абыхэм ящыщу и зэхуэдитІрат здэкІуэм нэсыфыр, и ныкъуэр гъуэгум щакІэрыхьурт.

Кхъухьым итІысхьэфахэр уз зэрыщІалэм кьелмэ, гъаблэм «и Іэбжьанэр» кьахиукІэрт. «Ихуэнум нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ цыхуу зракІута, бэн ес хьужа кхъухьэм ящыщу дапщэ хьм щІилъэфамя ящІэркъым», - етхыж кхъэутакІуэ Пинсон.

Кипр щыІэ адыгэхэм я адэшхуэхэр кхъэыша кхъухьхэр япэщыкІэ Самсун, абы и ужькІэ Истамбыл, итІанэ Кипр кІуэну гъуэту кьыщытрагъэхьар 1864 гъэм щыщхьэуІум и 22-нэ махуэрт. А кхъухьищым цыхуу 2346-рэ ист. Тхьэмахуэ бжьгъэкІэ гъуэгу здытетым, узымрэ гъаблэмрэ миным нэблагъэн нэрыбгъэ илІыкІащ. Кхъухьым щылІэхэр зыхадзэ хьм кхъухидзжа хьэдэпкъ Іуплъэгъуейхэм хьгІыгу Іуфэр яуфэбгъуат. Инджылыз консул Ланг етхыж: «Зы кхъухьым зы махуэм кьрнубдэу цыхуу 30-50 илІыхьырт. МылІэу кьанэхэри хьэдэ пэлытэт».

КьыззэрабжамкІэ, нэрыбгъ 1362-р Ларнакэм нэсыфат, абыхэм ящыщу 826-р сымаджэт, 19-р хьэдэт.

УвыІэпІэ яхуэхъунур зэхагъэкІыху, кхъухь тедзапІэм тесхэми яхэлІыкІырт. А лъэхъэнэм кьриубыдэу хьэди 150-рэ хуэдиз Ларнакэ щагъэсауэ кьаІуэтэж.

Адыгэхэр Хэкум кьыщрахуам вэгъуэ мазэт. А мазэр кьэсхуэ си гум кьыфІонэ гъуэгуанэм текІуэдахэр, щхьэці фІыцІэ дахэшхуэ зытелъу щыта си адыгэ нанэжьу хьм хадзэжар, гъащІэм пыщыщагъэнаіщ, мы хьгІыгум лъапсэ щызыхуэхфахэр. Зи блэкІар гуауэ защІэкІэ гъэнщІа ди адэшхуэхэм сыт хуэдиз гугъуехь ямыгъэвами, мы щы кІапэм Іэбжьанэ-лъэбжьванэкІэ зыхахукІэрэ хэку зыхуащІащ, дэри ар щІэнну кьытхуагъэнаіщ.

Ди гугъэр дгъэкІуэдмэ, абыхэм депцІыжу, ди щхьэ дымыгъэпэжу аращ. Мыр зэи зыщцідвмыгъэгъупщэ!

АЛОКЪУЭ Аринэ.

И адэм и гъусэу.



Кипр Ищхьэрэм и президент Эроглу Деруишрэ Сибер (Шэрджэс) Сибелрэ. *2013 гъэ*

«Си пщыхьэпІэхэмрэ си гупсысэхэмрэ»

Тхылъым щыщ пычыгъуэхэр

Къумахуэ Мухьэдин хуэзфІэкІар

● Пшыхьэр

Щіэныгъэлі гъуэзэджэ, филологиє щіэныгъэхэм я доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин Іабубэчыр и къуэм и фэеплъ пшыхь иджыблагъэ щыізэхэтащ Лъэпкъ библиотекэм. Зэхьхьэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ библиотекэм и унафэщІ профессор Емуз Анатолэ.

АДЫГЭ лъэпкъым, ди еджагъэшхуэхэм куэд кьахэкІакъым бзэ щІэныгъэмрэ лъэпкъ щІэнгъуаэзэмрэ Къумахуэ Мухьэдин хуищІыфа хэлъхьэныгъэм хуэдиз зыхуэзфІэкІа. Къумахуэр Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием, Кружьым щІэныгъэхэмкІэ и Академием хэтащ, Лунд (Швециием) щыІэ университетымрэ Тбилиси къэрал университетымрэ щыІхь зиІэ я доктор.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а цІыху гуащІафІэр нобэ кьытхэтыжкъым. Псэужамэ, щІэныгъэлІэр мы гъэм илъэс 85-рэ ирикъунут. Аращ нэхъыбэу зытеухуауэ щытар Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ кьудамэм игъэхьэзыра тхыль-гъэлъэгъуэныгъэр. Абы кьыщыхьат щІэныгъэлІым и лэжьыгъэ нэхъ купщІафІэхэр. Апхуэдэхэт адыгэбзэхэм я псалъэхэм зэрызахъуэжьым, Іуэрыіуатэбзэм гъащІэгъуэну хэтым, убыхыбзэм теухуахэр. Иужьрейр зэрыкІуэдыжам щІэныгъэлІыр игъэпІейтейуэ зэрыщытам и щыхьэтщ. Іэжьыгъэ куэд абы триухуауэ зэрыщытар. Абы и махуэр адыгэбзэм къыхуэмыкІуэн папщІэ Къумахуэм хуэзфІэкІ къиГэнакъым.

Емуз Анатолэ къыхигъэщащ Мухьэдин кавказыбзэхэр иджу, абыхэм ятеухуауэ хамэ къэрал еджагъэшхуэхэм яІэдалажьэ зэрыщытар. Апхуэдэу Лунд университетым «Дополнительные конструкции в кабардинском языке» монографиер, Мальмё университетым - «Эргативность в черкесских языках» щІэныгъэ лэжьыгъэр кьыщыдигъэкІыгьат.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэу Гъут Іэдэм, БищІо Борис, КІуэкІуэ Жэмалдин, Бакіуу Хьанджэрий, Къумахуэ Владимир сымэ зыжьэу жалащ Къумахуэ Мухьэдин сыт и лъэныкъуэкІи цІыху зэпІэзэрыту, лэжьыгъэм хуэІэижьу зэрыщытар. ПцІы хэмылъуи, абы и ІэдакъэщэкІхэм бзэм и нобэрей щытыкІэм и мызакъуэу, абы кьикІуа гъэзугуанэри, кьыпэплъэри щыізэпкърихырт. Аращ а тхыгъэхэм, тхылъхэм мы зэманым пщІэшхуэ щІыхуащІыр, ахэр дунейпсо щІэныгъэм и хэлъхьэныгъэшхуэу кьыщІалъытэр.

Тхыгъэри сурэтри **БЕЗЫР Ленэ** *ейщ.*

Рио-де-Жанейрэ макІуэ

● Дзюдо

Бразилием и Рио-де-Жанейро къалэм щыщхьэІум и 26-м щыщІэдзауэ фокІадэм I щІІонэр щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым хэтынуп Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменищ.

КИЛОГРАММ 60 зи хьэлъагъэм я дежи зэфІэкІ щигъэлъэгъуэнущ Рудольф Бабоян и гъэсэн, дзюдомкІэ дунейпсо класс зиІэ, спортым и мастер, 2010 гъэм дзюдомкІэ дунейпсо Кубокым щытекІуа, 2011 гъэм дунейпсо Кубокым дыжьын медаль кьыщІэзыхьа Мудрэн Беслъэн. СпортымкІэ мастерым и дуней-псо класс зиІэ, 2007 гъэм дзюдомкІэ Европэ чемпионатым зэз щыІэ, 2008 гъэм Европэ чемпионатым жэз медаль кьыщызыхьа Джэданэ Алим килограмм 66-рэ зи хьэлъагъэм я зэпеуэм хэтынущ. Спортсменым зегъасэ тренер лъэщхэу Сэралъп Олегрэ Хъупсырокъуэ Мурадрэ я нэІэм щІэту. Ди лІыкІуэхэм я ещанэщ Ким Руслан и гъэсэн, Европэм и вице-чемпион Къуэдзокъуэ Мурат (кг73-рэ).

Бразилием щекІуэкІыну чемпионатым иджы етІуанэу щызэхащэхэхъэ зи закъуэу, гупу банэхэм я зэхьэзэхуэр. Ар а спорт лІэужьыгъуэмкІэ командэ зэхьэзэхуэхэр Гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм я программэм хагъэхьэнымкІэ сэбэп хьуну щогугъ.

Урысейм и цІыхухъу командэ къыхэхар пашэу Дунейпсо чемпионатым макІуэ - Лондон щекІуэкІа Олимпиадэм Урысейм и медаль нэхъыбэ кьыщихьауэ щытащ.

БАТЫР Марьянэ.

Я джэгукІэм къыпокІуэ

● Футбол

Мы махуэхэм Бахъсэн щІынатъэм наІуэ щыхъуащ футболымкІэ хьэблэ командэхэм я зэхьэзэхуэм хиубыдэу КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм кьыбгъэдэкІ спорт площадкэхэр зытъысынухэр.

КУБА, Бахъсэненкэ кьуажэхэм я футболист ныбжьыщІэхэм я текІуэныгъэм кьыпэІуэу мыгувэу щащІагъэхэм хуэдизрэ зэнущ спорт Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

ЕтІуанэ увыпІэхэр къэзыхьа Кьыщпэк, Куба кьуажэхэм (нэхъыщІэ гуп) уэрам теннис стІолхэр, Ислъэмейрэ Хьэтохьущыкьуейрэ - футбол топхэр я зрыхьэнущ.

КІэух зэхьэзэхуэхэм кІэтхыпІьащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм физкультурэмрэ цІыхубэ спортымрэ зегъэужьыныкІэ и кьудамэм и унафэщІ Анаев Асльэн, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ ДышэкІ Жанэ, Бахъсэн районым спортымкІэ и комитетым и тхьэмадэ Гузий Мухьэмэд сымэ.

- А ныбжьыщІэхэр я командэм и мызакъуэу, я кьуажэм щхьэкІи джэгуащ. Абыхэм я фІыщІэкІэ районым спортым зыщеужь, - кьыджкІащ Анаев Асльэн.

Футболымкіэ хьэблэ командэхэм я зэхьэзэхуэм спортсмен 1160-рэ кьызэщІэзыубыдэ командэ 58-рэ хэтащ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

ЛэжьакІуэ гупхэр утыку йохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щокІуэкІ республикэм и лэжьакІуэ гупхэм я спартакиадэр. Ар кьызэрегъэпэщ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм.

СПАРТАКИАДЭМ хиубыдэу щыщхьэІуэм и 16-м «Ладья» шашкэ-шахматкІ клубым щекІуэкІащ шахматхэмрэ шашкэхэмкІэ зэхьэзэхуэм и кІэух зэІущІэхэр.

Шахмат зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ «Росреестр»-м и лІыкІуэхэм, командэм. «Лъэпкъ банк»-мрэ «Бум-Банк»-мрэ я гупхэм етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр кьахьащ.

Шашкэ зэпеуэм «Лъэпкъ банк»-м и цІыхубзхэрщ текІуар, «Открытие» банкым и гупым етІуанэ, «Бум-Банк»-м и командэм ещанэ увыпІэхэр яльысащ.

СтІолыщхьэ теннисым дихьэххэр Сабий стадионым и пэшым щызэхуэзащ щыщхьэІуэм и 19-м. Ракеткэхэр кьызэращтэрэ куэд мыщІэхэм загъэсэну, абы фІыуэ хэзыщІыкІхэм нэхъри заужьыну Іэмал ягъуэтащ. Командэ кьэс цІыхухъхьитІрэ зы цІыхубзрэ хэтащ. Ахэр псори мы джэгукІэм хуэІэууэ кьыщІэкІри, зэпеуэр гуащІэу екІуэкІащ. Зэхьэзэхуэм щытекІуащ «Лъэпкъ банк»-м и командэр, зэзэгъэжьыж сурдщІэхэм я лэжьыгъэр кьызэзэгъэпэщ кьулыкъым етІуанэ, «Открытие» банкым и гупым ещанэ увыпІэхэр кьахьащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, спартакиадэм я закъуэу, гупу щызэпеуахэм щытекІуахэр спорт лІэужьыгъуэу 8-м кьыщыхахьнущ. Зэхьэзэхуэхэм щытекІуахэр нобэ «Спартак» стадионым щагъэлъэпІэнущ.

ДАДЭ Нэхунэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● ЖыІэгъуэхэр

Зым къулыкъу зэрехьэ, адрейр къулыкъум зэрехьэ

♦ЩІэблэм уи гугъу щищыкІ щІэныгъэрэ акъылрэ къыпщІэнмэ, уащыгъупщэркъым - тІури бын лІэужьыгъуэщ.
♦ЗэкІужьыпхъэхэм пагагъэм зрагъэхьырэ зэфІокІуэдыпэ.
♦Къэшцпхуащ!ІаІам и дежь къехьэлъэкІыкІ тІэкІум фІыщІэри егъэкІуэдыж.
♦Уэзыщигъэхьэну къощэ щыІэнущ, кърипщыхьэжьн щхьэкІэ.
♦Упсэуху дунейр кІыфІ къыпщащІри, ахърэт нэхуКІэ къыпхуоупсэж.
♦Іэпэдэгъэлэл: Іэмал зиІэр Іэмалыншэм зэрыхуагъакІуэ Іэмэпсымэщ.
♦Зым къулыкъу зэрехьэ, адрейр къулыкъум зэрехьэ.
♦ЛъагэІуныгъэм и кІэм уиплъэжмэ, и пэр сымыльэгъуами нэхъыфІти жьыиригъэІэнщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Наполеон Бонапарт и дзэмрэ адыгэ мамлюкхэмрэ Назарет къалэм *(Палестинэ)* **дек 1799 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м щызозауэ.**
Сурэтыр **Грос Антуан** *ищІащ. 1801 гъэ*

Хамэ цІыхубз

Хъыбар

МуІэед, моторыр имыгъэунКІыфІу, машинэм кьилъри щІэпхъуащ. Ар зэрылъэкІыІэ жэрт, и фэр пыкІарэ кьыж и нитІыр напІэхэм идиныхьа хуэдэ, мыупІэрэпІэжу. Псы Іуфэм Іус къаз быным щахэльадэм, гужьеиГъуэ ихуахэм я кІий макъым хъэкІумэЇупсыр ириЧу, ахэр зэбгрыжащ. Абыхэм ящыщ зым ишэщІа дамэр щІалэм и нэкІум апхуэдизкІэ хуищІэу кьытехуати, и нэхэр зэуэ щыунКІыфІыкІащ, цыьыкІыуи и ІитІымкІэ епхъэжри, и нэхэр иБыгьыу и пІэм икІэрэхъухри, итІанэ зэуэ и Іэхэр кьыІуихьжащ - и нитІми хъарзынэу ялъагъэт, ящ дамбгъуэр зытехуар и натІэрат. Ауэ ар узрэ мыузрэ егупсысыным хуиэмысу, МуІэед аргуэру щІэпхъуащ. Абы илъэгъуат псы Іуфэм Іута щІалэ цІыкІур псым зэрыхэуар.

МуІэед псы Іуфэ дыдэм Іулъэдауэ псым дежэхьрт, и нэхэр абы тенауэ хэпльэрэр. Ауэ зыри ильагъурэгъкъым, толькъуи ублэрэкІхэм фІэкІ. ЩІалэр гъын къудей къхъуауэ, и Іупэхэм едзэкъэжрэ жэрт, и бгъэр кьыбхиудыным хуэдизу и гур кьеуэу. «Езгъэтхъэлащ, слъагъуурэ псым езгъэтхъэлащ щІалэ цІыкІур!..» - зэгиижьрт ар.

Асыхьэпм зы хужьыгъэ гуэр толькъунэм я щхъэхъуащ. «Мес!» - ину кІийри псым хэльащ МуІэед. И ІэхэмкІэ толькъунэр зэгунхуу, псынщІэу есырт щІалэр, и щыгъынхэр зэран кьыхуэхьу пэтми. Абы аргуэру кьиплъэгъащ хужьыгъэр, иджы ар гъунэгъу дыдэт, ауэ напІэзыпІэм кІуэдыжащ. МуІэед лъащу япэкІэ зидзащ, арщхьэкІэ хужьыгъэр, джанэ хужь зышыгъ щІалэ цІыкІур, аргуэру толькъуихэм ягъэпщкІужащ. АдэкІэ-мыдэкІэ зидзащ, зыкыдзыжащ - зыри щыІэкъым. «Дэнэ кІуа? Дэнэ кІуа?»

Асыхьэтым абы и джабэ ижьым кьыжьэхэуащ зыгуэр. МуІэед зэпхъэкІри, щІалэ цІыкІур кьыІэрыхьащ…

Псы Іуфэм фыз зытхух кьызэрыхьат. Абыхэм машинэм кьилъа щІалэр псымкІэ зэрыжар ялъэгъуати, кьхъуар ямыщІэ пэтми, кьызэхуэсат. МуІэед щІалэ цІыкІум, гуузщІ ищІауэ, псыр кьыжьэдигъэжьыжьат. Фызэхр гуІэу зэрызехьэрт.

- Таужан и щІалэ цІыкІур… Даут…
- Дэнэ щыІэ мыгъуэ езыр?
- Ялыхь, гущІэгъу кьыхуэщІ!
- Дохутыр!.. ЩІэхьыу - дохутыр!

МуІэед, Даут цІыкІу и Іэхэр ишэщІмэ зэфІигъэщІэжьу зыкъомрэ бгъэдэсащ, ар къыгъэбэуэжьыну. Сабийм и фэ пыкІам тІэкІу-тІэкІуурэ зихьэжьу хуежьащ, абы машІэ-машІэурэ лъы кьыщІэлъэдэжьырт. «Псэущ! Хъужьнущ!» - МуІэед гуфІэгъуэр иІэт. И тхьэкІумэр Даут и бгъэм трилъхьэурэ едаІуэрт - и гур хуэм дыдэу лажьэрт. «Гъэбэуэн хуейщ…»

Сымаджэщым и машинэ псынщІэр кьэри Іуишащ сабийр. «Тхьэр арэзы кьыпхухьу, щІалэ! Кьебгъэлащ», - жаІэурэ фызхэр кьехьуэхъуащ МуІэед. И «Москвич»-м деж кьэкІуэжри, щІалэм и щыгынхэр икъуэлжащ. Нейлон джанэ хужьыр куэд мыщІэу гъущыжьынт, гъуэншэджыращ Іуэхур. Дауи, апхуэдэу хьэщІапІэ укІуэ хьунукъым. Абы щыгъуэми ятэ дыдэу иджыщ щыкІуэр. Ари сыт хуэдэ хьэщІапІэ эжыпІэмэ…

МуІэед и нэгу кьыщІэуващ мазэ япэкІэ Налшык щищІыхуэ цыкІубзым и тепІэр. Ар щхьэпэлъагэтэкъым, Іэпсыгъэлъэпсыгъуэт, и нэхэр фІыщІэт, жэщ кІыфІ зырыз ящІэлъ хуэдэ. ЕгъэджакІуэхэм я семинарым къекІуэлІа цІыхубз псоми хъэщхырт ар и гуакІуагъкІи, и зыІыгъыкІэкІи. ЩэныфІэу, лейуэ мыпсалъэу е мыдыкъэшхыу, губзыгъэу къоплъу.

МуІэед езыри щІалэ кьекІут: льагащэри льагэтэкъым, ауэ лъахъшэкІи уеджэнтэкъым, и щхьэ Іувыр джьеят, зы налъ кьыхэмыпІиикІыу. Дэтхэнэ щІыхубзми МуІэед и тепІэр ягу имыкьунут.

Семинарым къэкІуахэр «Россия» хъэщІэщым щыпсэурт. Абы щІэст МуІэед нэІуасэ хуэхъуа щІыхубзри. Уеблэмэ я пэшхэри зэпэгъунэгъуу кьыщІэкІащ. ПщэдджьыжькІэрэ абыхэм сэлам зэрахырт. Ар кьиГъэсэбэпри, МуІэед щІыхубзым жриІащ:

- Ныщхьэбэ «Курзал»»-м концерт щыІэщ. Зумыусыгъуэджэм, накІуэ.

«Сыту пІэрэ и жэуапынур? Сыту пІэрэ?» - и щхьэм итт МуІэед. ЩІыхубзыр абы кьепльащ нэщхъыфІэу. ТІэкІурэ гупсысэри, жиІащ:

- ЯпэщІыкІэ дызэрыщІыхумэ нэхъыфІкъэ? Сэ си щІэр Таужанщ.

ЩІалэр пІащІэу Іэбэри абы и Іэр иубыдащ:

- МуІэед.

- Мис иджы нэхъ кьозэгъ концертым дызэдэкІуэну, - жиІащ Таужан…

А махуэм и ужькІэ, МуІэед сыт имыщІами, Таужан идакъым абы и гъусэу кином кІуэн е ауэ кьикІухьын.

- МуІэед, дэ дызэхуэмызэмэ нэхъыфІщ, - жиІащ Таужан. - Уэ ущІалэщ. Къэпшэну щІыхубз кьэлъыхьуи нэхъыфІщ. Сэ сыт? Сэ зэ сыдэкІуащ, кьэшхуэ сиІэщ, ильэситху хьууэ. Хьэуэ, уэрэ сэрэ ди насыпэ зэхэлъкым.

Таужан кьыжриІам МуІэед жэщ псом игъэжеякъым. Абы эпилъыта, эпшэчэ, кьигупсыса псор хэт ищІэн, ауэ етІуанэ ма-хуэм аргуэру Таужан зыхуиГъаэзри жриІащ, куэд щІауэ ящІыхуэм хуэдэу, зэрилъагъу льанДэрэ и псэм ар пэгъунэгъу зэрыхьхуар, и насып псори абы пыщІауэ зэригугъэр.

ЩІалэм и псальэр зэрыбльдэр Таужан ирильагъуэрт абы и нэгум.

ПІы хэмылъу, езы щІыхубзми МуІэед игу ирихьырт, ар щилъэгъуа япэ махуэ льандэрэ адрей щІалэ псоми кьахигъэщхьэхуКІыу, фэкІэ зыкъримыгъащІэми, гурыщІэ гуэрхэр хуищІу щыІт. Ар нэи гуи зиІэ щІыхубзт. АтІэ сыт жриІэну иджы абы щІалэм? «Сыпхуейкъым», - жриІэмэ, щІы еупс, арэзы хьунуи кьыхуегъэзэгъырыкъым: и къэ щІыкІур, фыз кьимышэжауэ ильэситІ льандэрэ псэу и щхьэгъьсэу щытар. Хьэуэ, щхьэгъуэгъэ Іуэхутэкъым. А тІум я Іуэху зэхэлъыжтэкъым. Зэпыкъжьыщащ. Абы кІэ иЇэщ. Аущ и щІалэ щІыкІур… Ар дауэ хьуну?»

Апхуэдэ гупсысэхэм яІыгъ щІыхубзым щІалэм зыри жриІакъым. Жэуап иритакъым семинарыр яухауэ щызэбгрыкІыжхэми. «Деплъынкъэ», - жиІа къудейщ.

Мазэ хъуат абы льандэрэ. МуІэед махуэ кьэс жьыхуаІэм хуэдэу письмо хуитхырт Таужан. Зэ хуитхауэ щытащ, «сынэкІуэнущ» жиІэри, арщхьэкІэ Таужан кьыхуидакъым. Абы и ужькІэ а тІур аргуэру кьалэм щызэхуэзащ. «Хъунщ атІэ, накІуэ, си кьуэр уэзгъэщІыхунщ», - жиІащ Таужан. Иджы къэкІуат, ауэ пльагъуркъэ Іуэхур зэрыхьуар…

МуІэед машинэм итІысхьэжащ, сымаджэщымкІэ Іухьэу щІалэ щІыкІур зэрыщытыр зригъащІэу я кьуажэ игъэзэжьи и мураду.

Машинэр уэрамым щигъэуври, езыр сымаджэщым щІыхьащ.

- Ей, щІалэ, хьэлатыншэу дэнэ уэдэкІуэр? - кьигъэувыІащ ар дежурнэм.

- Сэ…сэ нетІэ къаша щІалэ цІыкІум сыщІэупщІэну арат.

- Уэ слІо, абы уриадэ?
МуІэед къэІэнкунащ.
- Хьэуэ.
- Урикъуэш?
- Хьэуэ…
- АтІэ урихэт-на, жыпІэ хъунукъэ?
- Сэ… си щІыхугъэщ ар, - пщы иупсащ МуІэед.

- А-а, мэ хъэлат, щІыхьэ.

ЩІалэ цІыкІур зыщІэлъ пэшым щІыхьащ МуІэед. Сабийр зэрылъ гъуэлъыпІэм бгъэдэст лІы гуэр. Ар и нэр къытемыкІыу епльырт щІалэ цІыкІум.

- Дохутыр, дауэ щыт сабийр? - еупІащ лІым МуІэед.

ЛІыр нэщхьейуэ щІалэ имыщІыхум кьыхуэпльеящ.

- Сэ сыдохутыркъым, - жиІащ абы. - Сэ мы щІалэ цІыкІум сриадэщ. Хуабжьу хьэлъэщ иджыпстукІэ.

Бжэм адэкІэ лъэ макъ псынщІэ кьыщІыІури, пэшым кьыщІэлъэдащ… Таужан. «Си щІалэ цІыкІу! Си Даут цІыкІу! Сыт кьыпщІыущІ, си псэ закъуэ?» - гьырт ар, лъэгуажьэмыщхьэу гъуэльыпІэм бгъэдэуваэу, сабийм и щхьэм тельэщІыхьырэ.

ЛІыр кьэтэджри щхьэгъубжэм бгъэдэуваащ, зымащІэрэ абы дэпльу щыта нэужь, кьыхъэзэри Таужан зыхуигъэзащ:

- Умыгъэзаэ, щІэхъуащ. Дохутырыр епльащ, зыхуей хуагъэзащ.

Таужан кьызэрІэувэри, и нэпсхэр кьельэльэхэу лІым епльащ зытІэкІуэр, итІанэ и натІэр абы и бгъэм трилъхьэри зэщыджэу хуежьащ. ЛІыми, гумахэ кьызэрыхъуар плъагъуу, абы и щхьэм гуапэу Іэ дильащ.

МуІэед ищІэжьркъым сымаджэщым кьызэрыщІэжькъа щІыкІэр. Машинэм зридзэжри, жьыбгъэм кьыдиха хуэдэ, кьуажэм кьыдзжьажащ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● ГушыІэ

Махъсымэ сиІатэмэ…

Хьэужэ джэдэхэр игъашхэу пщІантІэм здыдэтым, Іэщэкіэ зэщІэузэда шу гуп бжьыхьхэр иращьыдЫу, хьэхэр ягъэбанэу куэбжэмкІэ зэрыблэхащ. Я кьуэлщІеягъэм щхьэкІэ Хьуэжэ абыхэм кьыригъэгъаззэу яшхьдэну мурад ищІащ:

- Уэ-хьэ-хьэй, кьэвгъаззэ! Кьэвмыигъаззэм, фыльыгъэнщэщ! - ящІэгуоуащ ар шухэм. Макъ пхьашэр щыІэзэхахьм, шухэм кьагъэзащ.

Арцыхэжь, джэдым яхэт Хьуэжэ кьышцІльатэхум, кьебгъэрыкІуэри зыр кьышІэжІиящ:

- Сліожь, лІыжь цІыкІу, укъыткІэльыкІийуэ кьыщІэдбгъэгъэзэр?! Уи кІэ мафІэ щІэнамэ, кьащтэ, пІэупщІынщ! - жиІэу и кьамэр кьышцрипхьэтым, Хьуэжэ щыкъэн зэрылъа фальэ фІеІер ишийри:

- Хьэуэ, си щІалэхэ, мафІи кьыысщІэнакъым, мыбы из махъсымэ сиІатэмэ, фезгъэфэнт, фызэрыщІалэфІым щхьэкІэ жьыСэрэ, кьывзэгъэгъэзауэ арат, - жиІащ щынэжри.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

Нартыху лэкъум

Нартыху хьэжьыгъэр яухуэнщІ, тепщэчыщхуэм ираКІутэр, щыгъу зьхэпІ псывэ хакІэурэ бэлагъкІэ ящІ. Бахъэ пщтырыр ягъакІуэ, гуэдз хьэжьыгъэ уэхунщІа щІапщэ, итІанэ псы хуабэкІэ зэхэщІа пщагъэ хакІэри, зэхэзэрыхьыхухкІэ ящІ. Тепщэчым и щхьэр трапІэри, кьэтэджьи щхьэкІэ хуабапІэ ягъэув сыхьэти 2-3-кІэ.

Тебэм тхъу ираЛъхьэри кьагъэпльэ, абы хэурей пІащІэу ящІа нартыху лэкъумхэр ираЛъхьэри, тебащхьэр тепІаэ ягъажьэ. Зы лъэныкъэуэ тхъуэпльэ дахэ хъуа иужь, зэрагъэдзэжри мыдрейри апхуэдэу ягъажьэ. Хуабэу яшх, шатэ, шху, шэ, кьалмыкъ шей дэщІыгъуу.

Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ): нартыху хьэжьыгъэ - г 330-рэ, гуэдз хьэжьыгъэ - г 260-рэ, пщагъэ - г 20, псывзу - г 570-рэ, пщагъэр зэрагъэтКІуну псыуэ - г 70, шыгъуу, тхъууэ - узыхуейм хуэдиз

Хугу хьэкъурт

Хугур зэхащІыпыкІ, тхъу зыщыхуа шыуаным ираКІутэри, пэшхьэкум трагъэувэ, чыммыркІэ зэлащІэуэрэ тхъуэпльэ дахэ хъуХуКІэ ягъэлагъуэ. Шыуанэр пашхьэкум кьытрах, хугур ягъэупщІыури, зэ-тІэу щІагъэпщ. Хугу гъэлыгъуа щІэгъэпщар щхьэлкІэ яхьжри, кхъуэнэ щабэкІэ тхъуэ-щэ яухуэнщІыж. Шкум хакІутэ, хьэжьурт ІэшкІэ ящІри яшх. Хугу хьэкъуртыр шэрджэс зауэлІхэм я шхьныгъуэу щытащ.

«Адыгэ шхьныгъуэхэр» тхылым кьытхыжащ.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

ЗыгъэкІуэдыфын щыІэкъым

ГъащІэр гъэщІэгъуэнщ! Дауэ хъумэ, дауэ щІэмэ, гъащІэм хэкІыпІэ кьетуэт. Ар зыгъэкІуэдыфын кьару щыІэкъым. МусЛъымэн диным емызэгъыу зэрилъытэм кьыхэкІкІэ, адыгэхэм сурэт ящІу щытакъым. Ауэ я гурыІуэхэмрэ я мурадхэмрэ мыкІуэдыжу дунейм кьыгъэгъэнэн щхьэкІэ, аэрырыбгъуэм, арджэнэм, упщІэхэм сыт хуэдэ тхыпхъэ гъуэзэджэхэр тращІыхьу щыта! ДыщэрыдэкІэ сыт хуэдэ хэдыкІ гъуэзэджэхэр ящІу щыта! Тэрэфарэ дахэу, зэщІэпщІыпщІэжу, зэщІэлъІдэжу дарий бостейхэмрэ дыщэ пыІэхэмрэ хадыкІырт. Шыуэхъархэм сыт хуэдэ тхыпхъэ дахэ хащІыхьрэт. Кэстрэ краскэкІэ ящІыну зыхуимытыр мастэрэ Іудэнэкіэ хадыкІырт.

Къуршхэр зыхуэдэр пщІэну ухуеймэ…

Джылахъстэней Арыкъым укъытету ущыпльэкІэ, дыжьыныфэу зэпІащІуэж Кавказ къуршыжьхэр уи нэм елъагъу. Инижь Іэпщ!эльапщІэ бэлыхь гуэрым ар ІэкІуэлъакІуэ дыдэу, зы лей химыльхъэу, хилъьэни кьимыгъанэу иригъэувэжІауэ псори и пІэм итІу, псори дахэу икІи зэкІужу кьыпфІощІ.

Аузым удыхьэрэ а къурш дыдэм уеплъыпэмэ, уи нэм илъагъур зыр адрейм иплъытІу зэхэт къуршыжьхэмрэ бгы нэпкъ задэхэмрэщ.

Къуршхэр зыхуэдэр зэбгъэщІэну ухуеймэ, жьыжьэу - Джылахъстэней Арыкъым укъытету, гъунэгъууи - Баллькъэр аузым удэту бгы лъабжьэм ущІэту, къуршыщхьэм утету уеплъын хуейщ.

Дэтхэнэ зы Іуэхуми апхуэдэ дыдэущ уэзрыбгъэдыжьхэн хуейр. Къэхъуа-къэщІа гуэрыр зищІысыр кьыбгурыІуэн щхьэкІэ, а Іуэхум и къекІуэкІыкІари, иджы ар зэрыщыт щІыкІэри, япэкІэ абы узыхуишэнри пщІэн хуейщ.

ТЕУНЭ Хьэчим.

Псальэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Щакіуэ здэщыІэм Андемыркъан пщыщхуэм йоупщІ: «Бесльэней пІащІэу гурыщІ», си щэм и кІуэкІэр уигу ...?» **7.** УнафэщІым кІэщІэльадэ-кІэщІэжьыж. **9.** Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпІэ. **11.** ... и жапІэр езым кьегъуэтыж. **12.** Гъущ хужьыфэ-дыжьыныфэ щадбэ: жэщым, гъуаплъэм кьыхэщІыкІа хьэжьщыкъухэр ирадыжу щытащ. **14.** ПшахьэущІ. **15.** Адыгэ композитор Іэзэу щытащ. **16.** Джэдкъаз. **17.** Дэрбееэр льэпшып. **18.** «Щауэ ... » - адыгэ уэрэдыжь. **19.** Банэ зытет удэ баринэ лІэужьыгъуэ. Бжьыхьэм и лъабжьэр жэфри жьым кьрехьэкІ. **21.** Щы кьиуда. **23.** Ди лъэпкъэгъу, Кьэрал Думэм и депутат. **27.** Блэм и бэягу. **28.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьеблагъэ хьэщІэхэм я нэхьыбэм ди щыпІэ дахэр ... щыналъэу ябж. **31.** ЩІалэ плІэшхуэ. **32.** ПхьащІэ Іэмэпсымэ. **33.** Іэщэ. **36.** Ахын (тенджьэ ФІыщІэ) Іуфэ Іут кьалэ-кУрорт. **39.** Си щхьэгъуэсэр жейнэдщ, ... хьухункІэ хэльщ. **41.** Щыгъын. **42.** Зи ... исым и уэрэд жеІэ. **43.** Фы дыдэу ерджэм ар хуагъэув хабзэщ. **44.** Адыгэ кьэфэкІэ. **46.** Іуащхьэм, бгым я бгъуэщІ. **47.** Махъсымэм щІэтІысыкІ. **48.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **49.** Кьэгубжьвуэ нэгъуэщІ унагъуэ зэрахэльадэм апхуэдэу йоджэ.

КъехьІу: **1.** Японием атом бомбэ щрезыгъэздэыха, Рузвельт иужьыІэ США-м и президенту щыта. **2.** ЗрагъэщІэрэщІэн хьисэпкІэ цІыхубзкэм зыкІэралъхьэ хьэпшып цІыкІу. **3.** Ажалыр ... нэхьрэ нэхь благъэщ. **4.** Бжэ хэщхьэпІэу блыным хуащІ гъуанэ. **6.** НапІэзыпІэ. **8.** И узыфэм цІыхуэр зэрелІэзэ хьэмбылу лІэужьыгъуэ. **10.** Псым хэс псэущхьэ цІыкІу, лъакъуэ куэд щІэту. **13.** Адыгэш кьабзэ. **14.** Кьэбым ... кІыхь едз. **20.** Лэжьакіуэжьым и Іэгум трищІэ фэ Іув пхьашэ. **22.** Египетым адыгэхэр зэреджэр. **24.** Уэс эрратэку. **25.** Кьуалэбзу ящІыкІыжьу зэпІащІуэж Кавказ къуршыжьхэр уи нэм елъагъу. Инижь Іэпщ!эльапщІэ бэлыхь гуэрым ар ІэкІуэлъакІуэ дыдэу, зы лей химыльхъэу, хилъьэни кьимыгъанэу иригъэувэжІауэ псори и пІэм итІу, псори дахэу икІи зэкІужу кьыпфІощІ.

Аузым удыхьэрэ а къурш дыдэм уеплъыпэмэ, уи нэм илъагъур зыр адрейм иплъытІу зэхэт къуршыжьхэмрэ бгы нэпкъ задэхэмрэщ.

Къуршхэр зыхуэдэр зэбгъэщІэну ухуеймэ, жьыжьэу - Джылахъстэней Арыкъым укъытету, гъунэгъууи - Баллькъэр аузым удэту бгы лъабжьэм ущІэту, къуршыщхьэм утету уеплъын хуейщ.

Дэтхэнэ зы Іуэхуми апхуэдэ дыдэущ уэзрыбгъэдыжьхэн хуейр. Къэхъуа-къэщІа гуэрыр зищІысыр кьыбгурыІуэн щхьэкІэ, а Іуэхум и къекІуэкІыкІари, иджы ар зэрыщыт щІыкІэри, япэкІэ абы узыхуишэнри пщІэн хуейщ.

ТЕУНЭ Хьэчим.

Зэхэзэльльхьар
МЫЗ Ахьмэщ.

Шыщхьэуіум и 17-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **9.** Дыгъужь. **10.** Брут. **11.** КІарц. **12.** Ерэн. **13.** Фэнд. **14.** Оман. **17.** Лъэпс. **18.** Гъуэ. **19.** Тебэ. **20.** Пхъэ. **23.** Пхъы. **24.** Дзыбэ. **25.** Бжэгъу. **30.** Кьауц. **32.** ХьэмфІанэ. **33.** Псей. **34.** Бэий. **35.** Щхьэгъубжэ. **38.** Щыкъун. **43.** Нальэ. **44.** Урыху. **47.** Акъуэкъ. **48.** Хьар. **49.** Уэркъ. **51.** Мэкъу. **53.** Хасэ. **54.** Хьудыр. **55.** Дзапэ. **56.** Мажьэ. **58.** Куржы. **60.** Губгъуэ. **61.** Кьулыкъу.

КъехьІу: **1.** ХьэкІэзэпс. **2.** Шыр. **3.** Дыщэпс. **4.** Бжьэдыгъу. **5.** Гъубжокъуэ. **6.** Жумарт. **7.** КІыр. **8.** Тенэркъым. **15.** Тхъэм. **16.** Жэпкъ. **21.** Абгъуэ. **22.** Бжэн. **24.** Дзэ. **26.** Гъуо. **27.** Льабзэ. **28.** ГуфІэгъуэ. **29.** Зекиуэ. **31.** Цей **33.** Пэщ. **36.** Хьэлькъ. **37.** Журт. **39.** Хьун. **40.** Шху. **41.** Кьагъырмэс. **42.** Екьжьыкъ. **45.** Пхъэр. **46.** ГурэпкІыпэ. **50.** Кьэдабэ. **51.** Мэрэзэхъу. **52.** Бжьэдэкъуэ. **53.** Хэпльыхь. **57.** Жьей. **59.** *Рим.*

● Псальэжьхэр

Зегъэуби, уи бын пІыж

● Зэкъуэш псори зы анэ кьилъхурькъым.
● Кьуаргъэр пэт, и шырым -хужь щыІкІыкІэ- йоджэ .
● Іуфэр напщІэщ, пхъур надбдэщ.
● Малъхъэр хъумэ - кьанщ, мыхъумэ - шыдщ.
● Ныгъэ Іейм унафэр унэм ирех.
● Зегъэуби, уи бын пІыж.
● Удэхуэха неужь бгъэуты-жыр ныбжьэгъущ.
● Уэзрымыльгъуу Іэфі щы-Іэкъым.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, Нэщ!эпыдж Замир, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмышІ Иэзэ.**

КьыдзэыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэ

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщІанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ ЗХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ!апІэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмэхэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ!апІэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхутъуэхэм я пжьагъыкІэ ящІ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтынырэр хьэмэныжьмкІэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ!апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Нэщ!эныдж Замир, корректорхэу Мырзэкан ФатІимэ** *(3,4 -нэ нап.)*, **Пхъ-тІыкІ Азэмат** *(1,2 - нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суРэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн ящІ сыхьэ 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.813 • Заказ №2172